ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№78 (21.236) ● 2008 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 23, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым

Хьэрычэт Iуэхум зиужьын папщIэ, республикэм Iэмал псори щызэтоувэ

Мэлыжьыхьым и 15-м Экономикэ политикэмкIэ комитетым иригъэкIуэкIащ хьэрычэт Iуэху мыиныр дэIыгъыным пыщIа IэщIагъэлI куэд зыхэта зэIущIэ. Абы кърихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, КъБР-м и Правительствэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм я лIыкIуэхэр, хьэрычэт IэнатIэ мыиным и лэжьакIуэхэр.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, Экономикэ политикэмкIэ комитетым и унафэщI **Малкаров ТIэхьир** къызэхуэсахэр къыхуриджащ зытепсэлъыхьыну Iуэхум нэхъ жыджэру хэтыну. Абы къыхигъэщащ хьэрычэт Iуэху мыиныр дэIыгъыныр, абы и пащхьэ къит къалэн гугъухэр дэгъэкIыныр, лъэпощхьэпохэр къызэнэкIыныр нобэрей псалъэмакъми зыкъомкIэ елъытауэ зэрыщытынур. Апхуэдэу абы жиIащ зэIущIэм хэтхэм я Iуэху еплъыкIэр къэрал властым и органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, хозяйствэ зезыхьэ субъектхэм я деж зэрынагъэсынур, абыхэм я лэжьыгъэм къыщалъытэн папщIэ.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр **Мусуков Алий** и докладым къыщигъэлъэгъуащ хьэрычэт Iуэху мыиныр дэIыгъынымкIэ инфраструктурэ тэмэм республикэм зэрыщызэтеувар, абы къэрал властым и органхэри хьэрычэтыщIэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри къызэрызэщIиубыдэр, апхуэдэу, инфраструктурэм и объектхэу бизнес-инкубаторхэр, фондхэр, кооперативхэр зэрыхэтыр.

КъБР-м щрагъэкIуэкI къэрал политикэр хуэунэтIащ хьэрычэт IэнатIэм пэрытхэм тэмэму ядэлэжьэным. Республикэм и хьэрычэтыщIэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэу КъБР-м и Президентым деж Хьэрычэт IуэхумкIэ щыIэ советым хэтхэр процент 65-рэ мэхъу. Финанс Iуэхухэр зэблэзыгъэкIыр Хьэрычэт Iуэху мыиным и IэнатIэм ехьэлIа проектхэр ахъшэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ комиссэрщ. Абыи хэтхэм я процент 70-р хьэрычэтыщIэхэрщ.

Бизнес Iуэху мыиным ехьэлIауэ зэхалъхьэ хабзэ мардэ псоми я жылагъуэ экспертизэ ирагъэкIуэкI. Апхуэдэу КъБР-м и Президентым и деж Хьэрычэт IуэхумкIэ щыIэ советым и деж къыщызэрагъэпэщащ зэгурымыIуэныгъэхэм хэплъэ комиссэ. Абы зэпкърех хьэрычэт лэжьакIуэхэр зэрыдакъузэм теухуауэ къаIэрыхьэ тхьэусыхафэхэр.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Щыхьэт тохъуэ

● Прохладнэ куей

Прохладнэ куейм Петровхэ я цIэр зезыхьэу щыIэ мэкъумэш хозяйствэм и закъуэщ колхоз щапхъэм иту нобэ ди республикэм къинар. Сыт и лъэныкъуэкIи зи лъабжьэр зыхъума IэнатIэм иужьрей Iуэху зехьэкIэщIэхэми тыншу зыхигъэгъуэзащ.

ИЛЪЭС кIуар уэгъуу зэрыщытам емылъытауэ, колхозым кърихьэлIащ мэкъумэшхэкIыу сом мелуани 106-рэ и уасэ. Хозяйствэм ехъулIэныгъэфI зэриIэм щыхьэт тохъуэ лэжьапщIэр тынымкIэ и фондым мы илъэсым сом мелуанитху зэрыхэхъуар. Абы Iэмал къаритащ лэжьакIуэхэм ират мэкъумэшхэкIхэм къадэкIуэу я улахуэри сом мини 5-6-м нагъэсыну. Екатериноградскэ, Прибрежнэ жылэдэсхэр нобэ щIы гектар мин 14-м зэгъусэу толэжьыхь, IэщышхуэУ мини 2, зы мэл хъушэ, шы, джэдкъаз фермэхэр яIэщ, яхъумащ гъэшымрэ лыхэкIхэмрэ щелэжь цеххэр. Апхуэдэу колхозым и мылъкукIэ яIыгъыщ щэнхабзэмкIэ унэр, сабий садыр, спорт школыр, Пушкиным и цIэр зэрихьэу Екатериноградскэ станицэм дэт тхыдэ музейр. ЖылагъуитIым я щIакхъуэ гъэжьапIэ яIэжщ. Колхозым нобэ пенсионеру 700 иIэщи, дэтхэнэми и нэIэ тетщ. Колхозым иригъэкIуэкIа иужьрей зэхуэсым унафэу къыщащтащ къуажэдэс нэхъыжьхэм я унэ лъапсэхэр, курыт еджапIэр зыхуей хуагъэзэнымкIэ ядэIэпыкъуну.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

● Егъэджэныгъэ

Къэпщытэныгъэхэм зыхуагъэхьэзыр

«Егъэджэныгъэм теухуауэ» федеральнэ хабзэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм, УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм 2008 гъэм мазаем и 5-м къыдигъэкIа Унафэм япкъ иткIэ, мы гъэм курыт школыр къэзыуххэм къызэрапщытэ экзаменхэр зэратыну Iэмал нэхъыщхьэр Зыуэ щыт къэрал экзамен (ЕГЭ) щIыкIэм тетущ. Мэлыжьыхьым и 21-м къэралым щIыпIэ псоми ЕГЭ-м еджакIуэхэр зэрыхуэхьэзырыр къызэрахутэ экзамен ирагъэтащ.

ХАБЗЭМ къызэригъэувымкIэ, мы къэпщытэныгъэр ебгъэкIуэкI хъунут есэп, урысыбзэ предметхэмкIэ. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и департаментым и унафэщI Джаппуевэ Тамарэ зэрыжиIамкIэ, ди республикэм есэпыр щрагъэтыну траухуат икIи, мы гъэм школыр къэзыух ныбжьыщIэ мини 9-м щIигъум абы зыхуагъэхьэзыращ.

- Зыуэ щыт къэрал экзаменым ухуэзыгъасэ мы къэпщытэныгъэхэр ипэжыпIэкIэ зэрекIуэкIыну мардэм ткIийуэ тету къызэдгъэпэщащ. Мыпхуэдэ зыгъэсэныгъэ 2008 гъэм зэрекIуэкIынур мы зэращ. Абы и мурад нэхъыщхьэхэр, япэрауэ, 11-нэ классыр къэзыуххэм ЕГЭ-м ехьэлIа дэфтэрхэм итхапхъэхэр ягурыгъэIуэнырщ, етIуанэрауэ, мы лэжьыгъэм къешэлIа хъуа кIэлъыплъакIуэхэм ящыщу дэтхэнэ зыми и къалэнхэр дагъуэншэу зэригъэзэщIэным хуэунэтIынырщ, ещанэрауэ, зыуэ щыт къэрал экзаменыр зэрат щIыкIэм мы гъэм щIэуэ къыхыхьа унэтIыныгъэхэм псори зэхуэдэу хуэIэижь щIынырщ, - жеIэ Джаппуевэм. - Фызэрыщыгъуазэщи, езы лэжьыгъэр тэмэму гъэзэщIа хъуным мыхьэнэшхуэ иIэщ, апхуэдэу щыхъукIэ, абы къепха дэфтэрхэри щыуагъэншэу гъэхьэзырынми гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ.

Джаппуевэм къызэрыджиIамкIэ, экзаменхэр егъэтынымкIэ къэрал комиссэм (ГЭК-м) хэтащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, курыт еджапIэхэм я лIыкIуэхэм нэмыщI, КъБКъУ-м, КъБКъМА-м я егъэджакIуэхэри. Апхуэдэу жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ Iуэхугъуэр тэмэму екIуэкIыным кIэлъыплъащ республикэм и хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

«Лъэпкъ финанс зэхэлъыкIэр лъэщу, зэIухауэ, и щхьэ хущытыжу» темэм теухуа едэIуэныгъэхэр УФ-м и Жылагъуэ палатэм щригъэкIуэкIащ экономикэ зыужьыныгъэмрэ хьэрычэтыщIэхэр дэIыгъынымкIэ абы и комиссэм.

Зыужьыныгъэм теухуауэ

ЕДЭIУЭНЫГЪЭХЭМ хэтащ гъэзэщIакIуэ хабзэгъэув властым и органхэм, щIэныгъэмрэ эксперт зэгухьэныгъэхэмрэ, Урысейм и Банкым, зэфIэкI зиIэ гупхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэр тепсэлъыхьыну къыхалъхьащ «Эксперт» журналымрэ «Эксперт РА» рейтинг агентствэмрэ ягъэхьэзыра «Урысейм и финанс зэхэлъыкIэм зиужьынымкIэ иIэ Iэмалхэр» докладыр.

Ар зэхэзыгъэувахэм къэралым зиужьын папщIэ ягъэбелджыла къалэнхэм япэлъэщын финанс IэнатIэ зэтеухуэнымкIэ хэкIыпIэ къэзыт Iуэхугъуэ зыбжанэ къыхалъхьащ.

Зытепсэлъыхь Iуэхугъуэм зэреплъыр къыжиIащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт, КъБР-м и Экономикэ обществэ щхьэхуитымрэ республикэм и Профсоюзхэм я федерацэмрэ я унафэщI Тау Пщыкъан.

КъБР-м и Профсоюзхэм и федерацэм и пресс-IуэхущIапIэ.

ДУНЕЙМ ЩЫХЪЫБАРХЭР

Дэнэ къыздрихар?

Чита къалэм щыщ сабии 5 фэбжь зэмылIэужьыгъуэхэр ятелъу сымаджэщым яшэн хуей хъуащ.

Псори къызыхэкIар илъэс 13 зи ныбжь щIалэ цIыкIум къигъэуа IэмэпсымэрщI. Ар зищIыс лIэужьыгъуэр иджыри белджылы къащIакъым, къыздрихари гурыIуэгъуэкъым.

Адрей тхьэмахуэм

Москва зэхагъэкIын щаухащ щыхьэрым и арбитраж судым и секретару щыта Сакальский Борис и Iуэхур.

Абы игъэхъар телъыджэ дыдэщ. Сом мини 8 фIэкIа зи мазэ улахуэр мыхъум банкитI къызэригъэпэщауэ, сом мелард 70 зэригъакIуэу къыщIэкIащ. Апхуэдэ зэфIэкI къулыкъущIэ къызэрыгуэкI дыдэм зэригъуэта щIыкIэр дэ къэтщIэнущ, дызыхуэкIуэ тхьэмахуэм Iуэхум судыр хэплъэу щIидзэмэ.

Эстоныбзэм зэрыхуэмышэрыуэм къыхэкIыу

Таллинн щыщ урысыбзэрыпсалъэ егъэджакIуэхэу 12-м етхьэкъуащ эстоныбзэр тэмэму ямыщIэу къызэралъытам къыхэкIыу.

Фигу къэдгъэкIыжынци, мы къэралым тыншу ущыпсэун икIи ущылэжьэн папщIэ фIэкIыпIэ имыIэу эстоныбзэр пщIэн хуейщ, абы теухуа экзаменхэри ирагъэт. Ауэ урысыбзэрыпсалъэхэр зыщIэс школхэм щезыгъаджэхэр абы щIыхуейр гурыIуэгъуэкъым.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

♦ **Тхылъымрэ автор хуитыныгъэхэмрэ я дунейпсо махуэщ.** Дунейпсо литературэм щыцIэрыIуэ дыдэхэу Шекспир Уильям (1564 - 1616), Сервантес Мигель (1547 - 1616), Инкэ Гарасалисо де ла Вегэ (1539 - 1616) сымэ я фэеплъу ЮНЕСКО-м и Конференц нэхъыщхьэм 1995 гъэм жэпуэгъуэм и 25 - щэкIуэгъуэм и 16-хэм иригъэкIуэкIа 28-нэ сессием щагъэуващ.

♦ Шэшэн Республикэм щагъэлъапIэ шэшэныбзэм и махуэр. 1923 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м шэшэныбзэкIэ къыдэкIащ «Сердало-Нэху» газетым и япэ номерыр.

♦ Стокгольм (Швецие) щекIуэкIынущ 2008 гъэм Крафурд и щIэныгъэ саугъэтым и лауреат хъуахэр гъэлъэпIэным теухуа гуфIэгъуэ Iуэхухэр. Мы гъэм а саугъэтыр къыхуагъэфэщащ Урысей еджагъэшхуэхэу математик Концевич Михаилрэ астрофизик Сюнаев Русланрэ, америкэн математик Виттен Эдвард.

♦ Совет композитор, пианист, дирижер, РСФСР-м и цIыхубэ артист, Ленин саугъэтым и лауреат (1957, зэрылIауэ) СССР-м и Къэрал саугъэтым хэнейрэ и лауреат Прокофьев Сергей (1891 - 1953) къыщалъхуа махуэщ.

♦ Илъэс 90 и пэкIэ къалъхуащ СССР-м и цIыхубэ артист Вицин Георгий (1918 - 2001).

♦ Илъэс и пэкIэ лIащ урысей къэрал, политикэ лэжьакIуэ, Урысейм и япэ Президент (1991 - 1999) Ельцин Борис (1931 - 2007).

♦ 1912 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ Теунэ Хьэчим. 1983 гъэм дунейм ехыжащ.

♦ **Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакъикъи 4-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъи 52-м.**

♦ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакъикъэ 42-рэ.**

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Дунейр и тхъэгъуэми, губзыгъэр гукъеуэншэ хъуркъым.

Спортыр къыхыдох

АДЫГЕЙ. ***Президент ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий иджыблагъэ щыIащ футболым сабийхэр щыхуагъэхьэзыр центру республикэм щауухуэм. ЩIыналъэм и лIыщхьэм и гъусэу ухуэныгъэхэр зэрекIуэкIыр зрагъэлъэгъуащ Адыгейм ФутболымкIэ и федерацэм и тхьэмадэ, Къалэ Советым-Хасэм и депутат Мыгу Рашид, щIыпIэ правительствэм хэтхэм.***

2008 ГЪЭМ и фокIадэм къызэIуахыну траухуа центрым лэжьыгъэхэр зэрыщекIуэкIым ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий арэзы техъуащ: стадионыр ихъуреягъкIэ къахухьащ, цIыху минитIым нэблагъэм хуэщIа трибунэхэр ягъэхьэзыращ.

«Урысей Федерацэм и щIыпIэ псоми иужьрей илъэсхэм спорт ухуэныгъэхэр жыджэру щокIуэкI, - къыхигъэщащ республикэм и унафэщIым. - Ауэ мы центрым теухуауэ дэ федерал бюджетым дыщыгугъыркъым. Абы и ухуэныгъэм текIуэдэну сом мелуан 35-р дэ езым къэдгъуэтыжащ икIи ар иджырей спорт IэмэпсымэхэмкIэ ирикъуу къызэдгъэпэщынущ. Шэч къытесхьэркъым футболым сабийхэр щыхуагъэхьэзыр центрым къыкIэлъыкIуэу республикэм псы есыпIэхэр, лъэрыжэкIэ къыщажыхь щIыпIэхэр къызэрыщызэIутхынум».

ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий зэрыжиIамкIэ, Мейкъуапэ дэт республикэ стадионымрэ шыгъэжапIэмрэ мыгувэу зэрагъэпэщыжынущ. Абыхэм къадэкIуэу, спорт ухуэныгъэхэм екIуалIэ гъуэгухэр зыхуей хуагъэзэнущ, асфальтыщIэ тралъхьэнущ, автомобиль маршрутыщIэхэр къызэIуахынущ.

Я зэныбжьэгъугъэр ягъэбыдэ

АБХЪАЗ. ***Республикэм и президентым и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, Сыхъум къалэ иджыблагъэ къыщызэIуахащ Осетие Ипщэм и посольствэ.***

ГУФIЭГЪУЭ зэIущIэм хэтащ республикэхэм я президентхэу Бэгъэпщ Сергейрэ Кокойты Эдуардрэ. Абы и ужькIэ республикитIым я лIыщхьэхэр тепсэлъыхьащ куржы-абхъаз, куржы-осетин зэхуэщытыкIэхэм, щIыналъитIыр зэрызэдэлэжьэну щIыкIэхэм, икIи, абыхэм япкъ иткIэ, экономикэ, сату, щэнхабзэ зэгурыIуэныгъэхэр зэращIылIащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Созаев Ахъмэтрэ Тхьэзэплъ Хьэсэнрэ ягъэлъапIэ

● ХъыбарыфI

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ингуш Республикэмрэ сыт и лъэныкъуэкIи зэхущытыкIэфIхэр зэхуаIэщ. Абы и щапхъэхэр гъунэжщ.

ИДЖЫБЛАГЪЭ къытлъэIэсащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я союзым и тхьэмадэ Созаев Ахъмэтрэ «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ Тхьэзэплъ Хьэсэнрэ «Ингуш Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къызэрыфIащам теухуауэ президент Зязиков Мурат Iэ зыщIидза унафэр.

Абы къызэрыхэщымкIэ, Созаевымрэ Тхьэзэплъымрэ хэлъхьэныгъэфI хуащIащ зэгъунэгъу республикэхэм я щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэным, гъэбыдэным.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр дохъуэхъу тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэу Созаев Ахъмэтрэ Тхьэзэплъ Хьэсэнрэ дяпэкIи ехъулIэныгъэщIэхэр къахьыну!

ШЭДЖЭМОКЪУЭ Мурадин.

Iуащхьэмахуэ Iэ хуаIэт

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зэрихьэу Бахъсэн къалэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм «Iуащхьэмахуэ Iэ хуэIэт» зыфIаща Iуэху щекIуэкIащ, «Урысейм и телъыджэу 7» Урысейпсо зэхьэзэхуэм теухуауэ.

АР КЪЫЗЭРИГЪЭПЭЩАЩ Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩIалэгъуалэ IуэхухэмрэцIыхубэ зэгухьэныгъэхэмкIэ и комитетым. Мы Iуэхум хэтащ Бахъсэн къалэ администрацэм, щэнхабзэмкIэ абы и къудамэм я лэжьакIуэхэмрэ къалэдэс щIалэгъуалэмрэ. Къалэ утыкум и деж КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Зеущэ Iэуес зи пашэ гупышхуэм Iуащхьэмахуэ Iэ хуэIэтыным теухуауэ концерт щатащ.

ПЩЫХЬЭЩIЭ Хьэбыж.

КъБР-м и цIыхухэм, IуэхущIапIэхэм захудогъазэ

ПОЩТ зэпыщIэныгъэмкIэ федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъБР-м щыIэм хъыбар фегъащIэ газетхэмрэ журналхэмрэ 2008 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къаIэрыхьэн папщIэ Iэ трегъэдзэным зэрыщIадзэмкIэ. Нэхъ фигу ирихь газетхэм, журналхэм и зэманым Iэ тевдзэ. Фэ къыщыфпоплъэ республикэм и пощт IуэхущIапIэ псоми.

Пощт зэпыщIэныгъэмкIэ федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъБР-м щыIэр.

● «Адыгэ псалъэр» къыхызох

ГъащIэм и уэрыпIэм ухешэ

Къэралыр зыхэт гугъуехьхэр зылъэмыIэса къэгъуэтыгъуейщ, ар мылъку хэхыпIэ зыхуэхъуа мащIэр хэбгъэкIмэ. ЦIыхур лэжьыгъэншэу къэнэныр нэхъапэм ягу къагъэкIыххэу щымытамэ, нобэ IэнатIэкIэ къызэгъэпэщар мащIэ дыдэщ. ЦIыхум яхэту, лажьэу есахэр пщIантIэм дэтIысхьэжа иужькIэ ар къатохьэлъэ. А гугъуехьхэр пщхьэщызыгъэкIуэт зыгуэр уиIэныр куэд и уасэщ. СыкъапщтэмэщIэгъэкъуэн къысхуохъу гъащIэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэми щыгъуазэ дызыщI «Адыгэ псалъэ» газетыр. Ар куэд щIауэ къыздекIуэкI псэлъэгъуфIщ. Уи унэм ущIэсу Урысейм, дунейм и плIанэпэ куэдым щекIуэкI Iуэхугъуэхэм, ди нобэрей гъащIэмрэ абы и къэкIуэнур зыхалъагъуэмрэ щыгъуазэ уещIри, абы и къызэгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ яхузощI. Абы ди пащхьэ къралъхьэ тхыгъэ купщIафIэхэм куэдым урагъэгупсыс, дерс къыхыбох, щыгъуазэ ухуащI блэкIами къэкIуэнуми. ПщIэ зыхуэсщI «Адыгэ псалъэ» газетыр дэтхэнэ зы унагъуэми къыIэрыхьэн хуейуэ къызолъытэ, сыту жыпIэмэ, абы фIы куэдым ухуеущий, гъащIэм и уэрыпIэм ухешэ, уи лъэр щIегъэкI.

БЫГУЭ Уэсмэн.

Дзэлыкъуэ куей, Сэрмакъ къуажэ.

● Гъуазджэ

Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм мэлыжьыхьым и 18-м щекIуэкIащ Урысей Федерацэм и цIыхубэ артисткэ Къашыргъэ КIурацэ и щIыхькIэ къызэрагъэпэща зэпеуэр. Ар лъэпкъ пшынэр зыгъэбзэрабзэхэм я зэхьэзэхуэм и зыIыхьэт, ди республикэм щыщу щIыналъэ зэпеуэм хэтынухэр къыщыхахт.

Псори зы къупхъэм ирагъэкI

ДИ ГАЗЕТЫМ зэрытетащи, зэпеуэм хэтхэр гупищым щызэхьэзохуэ: япэм илъэс 14-м нэс зи ныбжьхэр, етIуанэм илъэс 19 нэхърэ нэхъыбэ мыхъухэр, ещанэм илъэс 19-м нэхърэ нэхъыжьхэр. Ансамблхэр гуп щхьэхуэщ.

Сыхьэтищым нэскIэ екIуэкIа зэпеуэр нэгузыужьт. Зы республикэ цIыкIум зэчий зыбгъэдэлъ апхуэдиз ныбжьыщIэрэ балигърэ зэрыщыпсэур гуапэт икIи ухиIэтыкIыу уедаIуэрт абыхэм. Макъамэ зэмылIэужьыгъуэхэр екIуу адыгэ пшынэм къизыгъэкIхэм я зэфIэкIыр здынэсыр къэзыпщыта жюрим хэсащ КъБР-м и Композиторхэм я союзым и тхьэмадэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Темыркъан Борис**, ди республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым я щIэныгъэрылажьэ нэхъыжь **ГъукIэ Анжелэ**, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, композитор **Къашыргъэ Билал**, щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ колледжым цIыхубэ макъамэ IэмэпсымэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Къашыргъэ Мадинэ**, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, пшынауэ **Хьэпажэ Заудин** сымэ.

Зэпеуэм хэтхэм, кърихьэлIахэм яхуэгъэза псалъэ гуапэхэмкIэ зэIущIэр къызэIуихащ къэпщытакIуэ гупым я пашэ Темыркъан Борис.

- Макъамэм и махуэшхуэмкIэ сынывохъуэхъу, - жиIащ абы. - Ди лъэпкъ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, псоми фIыуэ тлъагъу пшынауэ Iэзэ Къашыргъэ КIурацэ и цIэр зезыхьэ зэпеуэм фIым я фIыжхэр къызэрыщыхэтхынум дэ яужь дитынщ, - къигъэгугъащ Борис къызэхуэсахэр.

Дауэ къехъулIауэ пIэрэ а къалэн мытыншыр къэпщытакIуэ гупым? Мыбдежым я цIэ къыщитIуэнщ япэ увыпIэхэр зыхуагъэфэщахэм. Псоми ятекIуащ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым и студент, пшынауэ Iэзэ дыдэ **Иуан БетIал**. ЕтIуанэ хъуащ Дзэлыкъуэ районым и лIыкIуэ **КIурашын Эммэ** (илъэс 43-рэ), ещанэ увыпIэр иубыдащ **Нэхущ Лидэ** (Бахъсэн район, илъэс 56-рэ). **«Хьэтхэр»** ансамблым япэ увыпIэр, **«ШыкIэпшынэм»**- етIуанэр хуагъэфэщащ.

Арэзы узытемыхъуэн Iуэхугъуэ зыбжанэ зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщыкIэм дызэрыщрихьэлIам пцIы лъэпкъ хэлъкъым. Псалъэм папщIэ, зэпеуэм кърагъэблэгъа куэдым и зэманым хъыбар ирагъэщIакъым. Абыхэм ящыщщ Тэрч куейм къикIахэр, Налшык дэт щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ колледжым щеджэхэр, нэгъуэщIхэри. Нэхъ гъэщIэгъуэныжращи, пшынауэхэм ящыщ куэдым ягъэзэщIэну макъамэхэр зыхуэдэр, я бжыгъэр ящIакъым. Къафэ къудей мыхъуу, урыс классикэм щыщ макъамэ, хамэ къэрал композиторхэм я IэдакъэщIэкI ягъэзэщIэну унафэ ящIри, иужь дакъикъэм ар якъутэжащ.

Иджыри зы Iуэхугъуэ къыхэдгъэбелджылыкIынут. Хьэлъэ къэзыIэт спортсменхэр я хьэлъагъ елъытауэ гуэшауэ зэрыщытым, илъэс хъуа шымрэ илъэситI зи ныбжьымрэ къызэрызэдамыгъажэм дыщыгъуазэщ. Сыт хуэдэ зэпеуэри гуп щхьэхуэурэ ягуэш хабзэщ. Мы зэхьэзэхуэм хэтахэри я ныбжькIэ зэхэгъэкIауэ щытын хуеящ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, псори зы къупхъэм ирагъэкIащ - илъэс 50-м щIигъуауэ махуи жэщи зи куэщIым пшынэр имыкIамрэ сабийхэмрэ зэхуагъэдащ.

Адыгэ лъэпкъым фIыуэ илъагъу пшынауэ ахъырзэманхэу Сэхъу Хьэсэнрэ Мэмэт Мухьэмэдрэ къэпщытакIуэ гупым хэтын хуеякъэ?! Абыхэм хуэдэу пшынэм и «щэхухэм» щыгъуазэ, зи гъащIэ псор абы езыта куэд нобэ къэгъуэтыгъуейщ.

- СымыщIэххэу а зэхьэзэхуэр щекIуэкIыну махуэм хъыбар сагъэщIащ си еджакIуэ абы хэтын зэрыхуеймкIэ, - жеIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэхэмкIэ щIыхьзиIэ и лэжьакIуэ, Налшык дэт макъамэ еджапIэ 2-м и егъэджакIуэ Мэмэт Мухьэмэд. - Арати, унагъуэхэр къызэхэсхIухьурэ зы закъуэ къэзгъуэтащ, абыи экзамен ита къудейуэ, ешауэ. Дауи, щIалэ цIыкIум и зэфIэкI псори къызэрыхуэмыгъэлъэгъуамкIэ емыкIу хуэсщIыркъым. ЗэхьэзэхуэкIэ абы уеджэ хъуну щытмэ, и къызэгъэпэщыкIам, и екIуэкIыкIам щыуагъэ мымащIэ хэлъщ. АдэкIи мыдэкIи езмыхьэкIыу сэ а псори къэпщытакIуэ гупым хэта си гъэсэн Къашыргъэ Мадинэ жесIащ, ауэ сыт тщIэн, блэкIам къытхуегъэгъэзэжынукъым. Псом ящхьэр дяпэкIэ апхуэдэ щыуагъэхэр тIэщIэмыкIынырщ, жэуаплыныгъэ тхэлъу, егупсысауэ Iуэхум дыбгъэдыхьэнырщ. Ар къелэжь ди тхыдэм зи цIэр дыщэпскIэ тхауэ къыхэна, пшынауэхэм я пшынауэж Къашыргъэ КIурацэ.

Осетие Ищхъэрэ - Алание, Дагъыстэн, Шэшэн, Ингуш, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щыщ пшынауэхэри, мы республикэ зэхьэзэхуэм щытекIуахэри хэту, мэлыжьыхьым и 26 - 27 махуэхэм щIыналъэ зэпеуэр Налшык щекIуэкIынущи, дыщыгугъынщ ар екIуу, дахэу къызэрагъэпэщыну, цIыхухэм я дежкIэ гуфIэгъуэшхуэу щытыну, дэтхэнэ зыми езым къилэжьа, хуэфащэ увыпIэр иратыну.

АРГЪЕИКЪУЭ Болэт, ИСТЕПАН Залинэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Хьэрычэт Iуэхум зиужьын папщIэ, республикэм Iэмал псори щызэтоувэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Министрым зэрыжиIамкIэ, 2006 гъэ лъандэрэ мэлажьэ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэм япэ дыдэу къыщызэIуаха бизнес-инкубаторыр. Ар иджырей офис центр зэпэщ икIи абы уасэ езэгърабгъукIэ лэжьапIэ пэшхэр щрат конкурскIэ къыхаха хьэрычэтыщIэ ныбжьыщIэхэм. Апхуэдэу бизнес-инкубаторым хиубыдахэм оборудованэкIэ, консалтинг Iуэхутхьэбзэ хэмкIэ зыщIагъакъуэ. Бизнес-инкубаторым щынагъэблэгъащ производствэм хуэщIа Iыхьэр зэтегъэувэныр.

Мыгувэу КъБР-м къыщызэIуахынущ метр зэбгъузэнатIэ 1000-м щIигъу къызэрыкI гъэлъэгъуапIэ унэшхуэр. Абы Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятэхэм я ехъулIэныгъэхэр щагъэлъагъуэ выставкэ зэпымыууэ щагъэлэжьэну, апхуэдэу хьэрычэт Iуэху мыиным и субъектхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэмрэ жармыкIэхэмрэ щрагъэкIуэкIыну я мурадщ. Офис лэжьыгъэмрэ производствэмрэ зы комплекс зэгуэту щрагъэкIуэкIыну бизнес-инкубаторым псори зэхэту псэуалъэу метр зэбгъузэнатIэ мин 13-м щIигъу къызэрыкI иIыгъынущ икIи ар къэралым щынэхъ ин дыдэхэм ящыщу щытынущ.

ДяпэкIэ зэгупсысынухэм ящыщщ бизнес-инкубаторхэм районхэми зыщегъэужьыныр.

Мусуков Алий зэрыжиIамкIэ, IуэхущIапIэ цIыкIухэм, зэи япэкIэ къэмыхъуауэ, финанс дэIэпыкъуныгъэу сом мелуан 60-м нэс иратащ. Абы и хьэкъкIэ потребительскэ кооперативу 23-м зыщIагъэкъуащ, хьэрычэт Iуэ ху мыиныр дэIыгъынымкIэ дэтхэнэ муниципальнэ фондми и мылъкур сом мелуани 3-4-м нагъэсащ.

Нэгъабэ щIыхуэ мыину 800-м щIигъу ятащ, псори зэхэту сом мелуан 78-рэ хъууэ. ЩIыхуэхэм я нэхъыбэр мэкъумэш хозяйствэм и IэнатIэмрэ (процент 35-рэ) производствэм и IэнатIэмрэ (процент 25-рэ) хуаутIыпщащ.

Хьэрычэт Iуэху мыиным и суб ъект лэжьэн щIэзыдзэхэр дэIыгъыным хиубыдэу мы зэманым къагъэсэбэп нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ IэнатIэхэм бгъэдэ т хьэрычэт лэ жьакIуэхэм фонд нэхъыщхьэхэр къэщэхуным трагъэкIуадэм щыщ Iыхьэр зэрыхуапшыныж субсидиехэр тыныр. Абы ипкъ иткIэ хуапшын лизингкIэ къыIаха оборудованэм текIуэдам щыщ Iыхьи. А Iэмалыр къагъэсэбэпурэ, проекти 6 гъэзэщIэныр дaIыгъащ икIи абыхэм сом мелуани 2,6-кIэ ядэIэпыкъуащ. Апхуэдэу ди деж щыдаIыгъщ бизнес мурад нэхъыфIхэр пхагъэкIын папщIэ конкурсхэм щытекIуэу грантхэр къэзыхьа щIалэгъуалэр. 2006 гъэм апхуэдэ проекту 3 даIыгъащ икIи ахэр хъарзынэу ягъэзэщIащ. 2007 гъэм ахъшэкIэ зыдэIэпыкъуа проектхэр 11-м нэсащ. Мы Iуэхур апхуэдизкIэ сэбэпу къалъытащи, федеральнэ бюджетри зыдагъэIэпыкъури, абы ахъшэу хухахыр 2007 гъэм хуэдэ 15-кIэ нэхъыбэ ящIащ икIи ар сом мелуани 6,6-м нагъэсащ.

«Хьэрычэт Iуэху мыиным и субъекту лажьэу зэтеувахэм я гугъу пщIымэ, - жиIащ Мусуков Алий, - абыхэм я деж хъарзынэу 2002 гъэ лъандэрэ къыщагъэсэбэп банкхэм я кредитхэм процентхэ щхьэщатыкI ахъшэм щыщ Iыхьэмрэ лизингхэмкIэ платежхэм ящыщ Iыхьэмрэ яхуэпшыныжыныр».

Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ рефинансированэм и ставкэр зэрыхъум хуэдизкIэ кредитхэм щхьэщатыкI ахъшэм щыщ Iыхьэр хьэрычэт лэжьакIуэхэм яхуэзыпшыныж субъект зыбжанэм. Апхуэдэ IэмалхэмкIэ инвестицэ проекту 190-м зыщIагъэкъуащ икIи абы и фIыщIэкIэ кредит щIыхуэу сом мелуан 600-м щIигъу къызэщIагъэуIуэн яхузэфIэкIащ. Министрым къыхигъэщащ мы Iэмалыр къыщагъэсэбэпкIэ промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм и продукцэр къехьэлIэнымрэ абы елэжьынымрэ я IэнатIэхэм хуэгъэза проектхэр япэ зэрырагъэщыр икIи дэIэпыкъуныгъэм и нэхъыбэр (процент 53-р) абыхэм зэрытрагъэкIуадэр.

Гулъытэ хэха хуащI республикэм и хьэрычэ т лэжьакIуэхэм, хьэрычэт Iуэху мыиныр дэIыгъынымкIэ инфраструктурэм и объектхэм я унафэщIхэмрэ IэщIагъэлIхэмрэ я щIэныгъэм хэгъэхъуэным. А мурадым хуэунэ тIащ 2007 - 2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэм папщIэ кадрхэр гъэхьэзырыным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и программэу иджыблагъэ къащтар. Апхуэдэ программэ зиIэ зэкIэ Ипщэ федеральнэ округым и субъектхэм яхэткъым.

Хьэрычэт Iуэху мыиныр дэIыгъынымкIэ апхуэдэ лэжьыгъэшхуэ къыщIызэрагъэпэщыфар бюджет мылъкум щыщу а мурадым хухахыр хуэдипщI зыбжанэкIэ нэхъыбэ зэращIарщ. 2005 гъэм республикэ бюджетми федеральнэ бюджетми я мылъкуу хьэрычэт Iуэху мыиным зыщIэгъэкъуэным псори зэхэту сом мелуани 10,65-рэ трагъэкIуэдамэ, 2007 гъэм а бжыгъэр сом мелуани 149,5-м нагъэсащ. А псоми я фIыщIэкIэ, жиIащ доклад зыщIам, хьэрычэт Iуэху мыиным зэрызиужь псынщIагъэм хэхъуэ зэпыту йокIуэкI.

Хьэрычэт Iуэху мыиныр дэIыгъынымкIэ Бахъсэн муниципальнэ фондым и унафэщI **ЩоджэнцIыкIу Хьэсэн** зэIущIэм щыжиIащ 2007 гъэм къриубыдэу мы фондым хьэрычэт IэнатIэ мыинхэм ящыщу 100-м щIигъум щIыхуэу псори зэхэту сом мелуани 6 зэраритар. ЩIыхуэхэр шэсыпIэ пыухыкIахэм, сакъылэтхэм япкъ иткIэ хухах. «Ауэ, - къыхигъэщхьэхукIащ абы, - зэрыхабзэщи, хьэрычэт IэнатIэ мыинхэр къызэIузыххэм ахъшэшхуэ ябгъэдэлъкъым. Абы къыхэкIыу коммерческэ банкхэми яфIэфIкъым апхуэдэ лэжьакIуэхэм щIыхуэхэр иратыну, абыхэм зыпащIэну».

АдэкIэ псалъэмакъым пищащ «Колос» хозяйствэм и тхьэмадэ **Бетыгъуэн Хьэбил**. Абы къыхигъэщащ унейщIапIэхэм къыщызэрагъэпэщ хозяйствэхэмрэ мэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэхэмрэ ахъшэкIэ гугъу зэрехьыр. Банк IуэхущIапIэхэм я IэнатIэхэр къуажэ щIыналъэхэм щыIэкъым. Абы къыдэкIуэу банкхэм кредитхэр къеIыхыным Iуэху куэд пыщIащ, зэманышхуэ ехь, абы папщIэ сакъылэт пщIын мылъку гуэри убгъэдэмылъу хъунукъым. Абы къызэрилъытамкIэ, а гугъуехь псори дэгъэкIынымкIэ сэбэп хъунур мэкъумэш хозяйствэм къыщызэрагъэпэщ кредит потребительскэ кооперацэхэрщ.

Езыр зи унафэщI IэнатIэм зэфIигъэкI Iуэхухэм ятеухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ «Эколог-Плюс» ООО-м и директор **Абыкъуэ Лъостэнбэч**.

ЗэIущIэм къыщаIэт Iуэхухэм зэреплъыр апхуэдэу жаIащ КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Сэхъу Владимир**, «КъБР-м и промышленникхэмрэ хьэрычэт лэжьакIуэхэмрэ я союз» щIыналъэ зэгухьэныгъэм и вице-президент **ГуэбэщIыкI Жантемыр**, КъБР-м и Парламентым и депутат, «Налшык» банк ООО-м и правленэм и тхьэмадэ **Эндреев Борис**, «Урысейм и щIэгъэкъуэн» хьэрычэт Iуэху мыинымрэ хьэрычэт Iуэху курытымрэ дэIыгъынымкIэ урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Къылъшыкъуэ Альберт**, КъБР-м и Хьэрычэт лэжьакIуэхэм я союзым и советым и тхьэмадэ **Къуршэ Валерий**, КъБР-м и Парламентым и депутат, Прохладнэ къалэм щыIэ «Калимера» ООО-м и директор **Блохин Андрей** сымэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

●КъБР-м и Парламентым

Мыхьэнэшхуэ зиIэхэщ

Мы гъэм и гъатхэпэ мазэм и 20-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа республикэ программэ хэхахэр: «КъБР-м терроризмэмрэ экстремизмэмрэ къыщымыгъэхъун и лъэныкъуэкIэ 2008 - 2010 гъэхэм ялэжьынухэм я IуэхукIэ», «КъБР-м хабзэхэр къыщызэпаудыныр къэмыгъэхъун и лъэныкъуэкIэ 2008 - 2010 гъэхэм ялэжьынухэм я IуэхукIэ», «ЩIыуэпсым, техникэм я зэранкIэ къэхъу гузэвэгъуэхэр 2008 - 2010 гъэхэм КъБР-м нэхъ мащIэ, абыхэм лъэужь Iей къемыгъэгъэнэным и IуэхукIэ».

А документхэр зыхуэлэжьэнухэм я гугъу къытхуещI КъБР-м и Парламентым Законхэр къыдэгъэкIынымкIэ, къэрал ухуэныгъэмкIэ, щIыпIэ самоуправленэм и IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Абазэ Руслан.

Абазэ Руслан

- Руслан, сыт щхьэусыгъуэ хуэхъуар «КъБР-м терроризмэмрэ экстремизмэмрэ къыщымыгъэхъун и лъэныкъуэкIэ 2008 - 2010 гъэхэм ялэжьынухэм я IуэхукIэ», «КъБР-м хабзэхэр къыщызэпаудыныр къэмыгъэхъун и лъэныкъуэкIэ 2008 - 2010 гъэхэм ялэжьынухэм я IуэхукIэ» республикэ программэ хэхахэр къэщтэным?

- А программэ хэхахэр зэхалъхьащ федеральнэ законхэм, Урысей Федерацэм и Президентым и указхэм, щIэпхъаджагъэхэр, абыхэм ящыщу шынагъуэ нэхъ ин зыпылъ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ, къэмыгъэхъун щхьэкIэ Iуэхугъуэхэр лэжьыным хуэунэтIахэм, япкъ иткIэ.

Программэхэр зэхалъхьэн хуей щIэхъуар икIи адэкIэ ахэр гъэзэщIэн щыхуейр, хабзэхъумэ органхэм ялэжь Iуэхугъуэхэм щхьэкIэ къэмынэу, щIэпхъаджагъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иджыри зэрыщыкуэдырщ, апхуэдэ щытыкIэм республикэм и цIыхухэм зэхуагъэ зыхэлъ я мыарэзыныгъэхэр къызэришэрщ. Псом хуэмыдэу уегъэгузавэ къызэрыгуэкI щIэпхъаджагъэхэм къадэкIуэу, цIыхухэр яукIыным, террорист IуэхущIафэхэм, бандитыгъэм, хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэм ятеуэным хуэдэ щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэр IэщэкIэ зэщIэузэда щIэпхъаджащIэ гуп зэщIэгъэуIуахэм ялэжь зэрыхъуам. Апхуэдэ щытыкIэ зэрыщыIэр зыкъомкIэ къыхокI щIэпхъаджагъэ куэд, псом хуэмыдэу щхьэхуещагъэм пыщIауэ зэрахьэ залымыгъэхэр, къыщIамыгъэщу къызэрынэм. АрдыдэмкIи къызэпыуда мэхъу сыт хуэдэ щIэпхъаджагъэри тезырыншэу къанэ мыхъ уну конституцэм зэрыщыжыIар.

«КъБР-м хабзэхэр къыщызэпаудыныр къэмыгъэхъун и лъэныкъуэкIэ 2008 - 2010 гъэхэм ялэжьынухэм я IуэхукIэ» программэм и мурад нэхъыщхьэхэщ хабзэхэр ямыгъэзащIэу щытыныр къэзымыгъэхъу системэ къызэгъэпэщыныр икIи абы къегъэув мыпхуэдэ къалэнхэр: щIэпхъаджагъэу ялэжьыр нэхъ мащIэ щIын, хабзэхэр къызэпаудыныр къэзымыгъэхъу Iуэхугъуэхэр тэмэму убзыхун, щIэпхъаджагъэхэр щIалэжьым и щхьэусыгъуэхэр, щалэжь щытыкIэхэр наIуэ къэщIын икIи зэпкърыхын, хабзэр къызэпаудыныр къэзымыгъэхъун Iуэхугъуэхэр къэралым бгъэдэмылъ субъектхэми ялэжьу щытыныр къызэгъэпэщын, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэмрэ муниципальнэ щIыналъэхэм я щIыпIэ самоуправленэм и органхэмрэ хабзэхэр къызэпаудыныр къэмыгъэхъун и лъэныкъуэкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр зэгъэуIун къалэнхэр гъэзэщIэныр.

«КъБР-м терроризмэмрэ экстремизмэмрэ къыщымыгъэхъун и лъэныкъуэкIэ 2008 - 2010 гъэхэм ялэжьынухэм я IуэхукIэ» программэм и мурадхэр цIыхумрэ жылагъуэмрэ терроризмэм, экстремизмэм ящыхъумэныр къызэгъэпэщыныращ, террорист, экстремист Iуэху-щIафэхэмкIэ мурад ящIамэ, ар сэтей къэщIыныращ икIи емыгъэлэжьыныращ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэм щхьэусыгъуэ хуэхъур сэтей къэщIыныращ икIи гъэкIуэдыныращ. Апхуэдэ мурадхэр къохъулIэн щхьэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым террорист, экстремист Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкIыныр къэмыгъэхъуным, терроризмэм и бий Iуэхугъуэхэм я къызэгъэпэщыкIэр егъэфIэкIуэным, цIыхухэр куэду щыпэкIу, мыхьэнэшхуэ зиIэ объектхэр техникэ и лъэныкъуэкIэ хъума зэрыхъур гъэбыдэным, террорист организацэхэм япыщIа цIыхухэр сэтей къэщIыным хуэунэтIа Iуэхугъуэхэр егъэкIуэкIыныр къызэгъэпэщыным, Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъхэм, динхэм яку щыдэлъ зэпэщIэуэныгъэр егъэфIэкIуэным, КъБР-м и цIыхухэр адрейхэм яхуэбэшэчу, зыхащIыкIыу щытыным зэрыхуагъасэ къэрал Iуэхугъуэхэмрэ Iэмалхэмрэ зэхэлъхьэным, экстремизмэм пэщIэтыным икIи псэукIэм епха гугъуехьым къыздишэ мыарэзыныгъэр жылагъуэм нэхъ мащIэ щыщIыным хуэгъэза къалэн гугъухэр зэфIэгъэкIын хуейщ.

- А программэхэр гъэзэщIэным ахъшэ зэрыхуаутIыпщынур сыт хуэдэу?

- Программэхэр гъэзэщIэным хуаутIыпщыну ахъшэр къыздикIынур КъБР-м и республикэ бюджетырщ, апхуэдэуи бюджетым щымыщ къыхэкIыпIэхэрщ.

- А программэхэр гъэзэщIэным сыт къыпэкIуэну пIэрэ?

- «КъБР-м хабзэхэр къыщызэпаудыныр къэмыгъэхъун и лъэныкъуэкIэ 2008 - 2010 гъэхэм ялэжьынухэм я IуэхукIэ» программэр гъэзэщIэным Iэмал къыдитынущ: хабзэхэр къызэпемыгъэудын и лъэныкъуэкIэ ялэжь Iуэхугъуэхэр ирагъэфIэкIуэну, хабзэхэр ямыгъэзэщIэныр къэмыгъэхъунымкIэ лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным предприятэхэр, IуэхущIапIэхэр, зэрылажьэ мылъкум емылъытауэ организацэхэр, апхуэдэуи жылагъуэ организацэхэр къыхашэну; псори зэхэту щIэпхъаджагъэхэм, абыхэм ящыщу уэрамхэм, цIыхухэр щызэхуэс нэгъуэщI щIыпIэхэм щалэжьхэри, нэхъ мащIэ ящIыну; балигъ мыхъуахэм езыхэм ялэжь щIэпхъаджагъэхэр, апхуэдэхэм яхуэгъэзауэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэр нэхъ мащIэ ящIыну; къытрагъэзэжу щIэпхъаджагъэхэр зылэжьхэм я бжыгъэм хагъэщIыну.

Абы къищынэмыщIауэ, а программэр гъэзэщIэныр сэбэп хуэхъунущ наркотикхэм пыщIа щIэпхъаджагъэхэм я бжыгъэм кIэрыгъэхунымкIэ икIи цIыхухэм дзыхь нэхъыбэ хабзэхъумэ органхэм хуащI хъунымкIэ, нэгъуэщIхэмкIи.

«КъБР-м терроризмэмрэ экстремизмэмрэ къыщымыгъэхъун и лъэныкъуэкIэ 2008 - 2010 гъэхэм ялэжьынухэм я IуэхукIэ» программэр гъэзэщIэным кърикIуэну ущыгугъ хъунущ: Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм террорист IуэхущIафэхэр щалэжьыныр, экстремизмэм зыкъыщиIэтыныр къыщамыгъэхъун яхузэфIэкIыну; цIыхухэр куэду щыпэкIу, шынагъуэшхуэ здэщыIэ объектхэр зэрахъумэ техникэ IэмалыщIэхэр къызэрагъэпэщыну икIи щIэпхъаджагъэкIэ зыIэрагъэхьа ахъшэр КъБР-м и экономикэ, политикэ гъащIэм зэран ирихуэхьуу къызэрагъэсэбэпыр нэхъ мащIэ хъуну.

«КъБР-м хабзэхэр къыщызэпаудыныр къэмыгъэхъуным и лъэныкъуэкIэ 2008 - 2010 гъэхэм ялэжьынухэм я IуэхукIэ», «КъБР-м терроризмэмрэ экстремизмэмрэ къыщымыгъэхъун и лъэныкъуэкIэ 2008 - 2010 гъэхэм ялэжьынухэм я IуэхукIэ» программэхэм я проектхэр зэхэлъхьэным нэхъыщхьэу хэтахэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советыр, Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ IэнатIэм и Управленэу КъБР-м щыIэр, Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэр. Программэхэм я гъэзэщIакIуэхэу щыт министерствэ, ведомствэ, муниципальнэ щIыналъэхэм я щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ организацэхэмрэ Iэмал яIащ ахэр зэхэлъхьэным хэтыну. ИужькIэ абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр хэплъащ икIи КъБР-м и Конституцэм и 82-нэ статьям и «г» пунктым ипкъ иткIэ а программэхэм я проектхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым КъБР-м и Парламентым хуигъэхьащ.

Егъэлеяуэ щытынкъым къащта а законхэр мыхьэнэшхуэ зиIэу къыхэбгъэщкIэ, сыту жыпIэмэ ахэр республикэм мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ, зэпIэзэрытыныгъэ щыIэным, абы и цIыхухэмрэ и хьэщIэхэмрэ шынагъуэ ямыIэныр къызэгъэпэщыным хуэунэтIащи. Арыншауэ пхузэфIэкIынукъым республикэм и экономикэр къэIэтыжын, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэн къалэн инхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен мызэмытIэу къызэригъэлъэгъуащи, псом нэхърэ нэхъыщхьэу щытхэр, пхуэгъэзэщIэнукъым.

Программэхэм ятеухуа законхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым Iэ щIидза икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIа нэужь, абыхэм къару ягъуэтынущ, адэкIэ нэхъыщхьэр ахэр гъэзэщIа зэрыхъурщ. Программэхэр гъэзэщIа хъуныр псом япэу зэлъытар хабзэхъумэ органхэрщ икIи абы и лъэныкъуэкIэ зрикъун къарурэ Iэмалрэ зыбгъэдэлъхэрщ. Абы къыдэкIуэуи программэхэр гъэзэщIа хъунымкIэ жэуаплыныгъэ зыхь псоми я къару зэгуэткIэ Iуэхум иужь итмэщ ехъулIэныгъэхэр щыщыIэнури.

- Руслан, тхутепсэлъыхьыт «ЩIыуэпсым, техникэм я зэранкIэ къэхъу гузэвэгъуэхэр 2008 - 2010 гъэхэм КъБР-м нэхъ мащIэ, абыхэм лъэужь Iей къемыгъэгъэнэным и IуэхукIэ» къащта республикэ программэ хэхам.

- ЩIыуэпсым и къэхъукъащIэ шынагъуэхэм, мафIэсхэм, апхуэдэуи техникэм игъуэта никъусаныгъэм пыщIауэ къэхъу кълейсызыгъэхэм къыхокI къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр икIи абыхэм шынагъуэ къыхуахь КъБР-м и цIыхухэмрэ и экономикэмрэ. Апхуэдэ къэхъукъащIэхэм хэщIыныгъэу зы илъэсым республикэм къыхуахьыр сом мелуан 290-м нызэрохъэс, цIыхуу хэкIуадэм, никъуэдыкъуагъэ зыгъуэтхэм я гугъу умыщIи. Дызытепсэлъыхь Законыр зэхалъхьащ а IэнатIэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр къэлъытауэ.

Программэр гъэзэщIэным Iэмал къыдитынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэхъукъащIэ шынагъуэхэр щыдгъэмэщIэнымкIэ.

- КъБР-м и прокурорым и пресс-конференцым теухуауэ газетхэм къытрадза тхыгъэхэм къыщыгъэлъэгъуащ щIыпIэ норматив правовой актхэу къащта 320-м щыщу Iыхьэ никъуэм щIигъур (170-р) прокурорхэм законхэм емызэгъыу къызэралъытар, абыхэм ящыщу 43-р организацэхэмрэ обществэхэмрэ я уставу зэрыщытыр. Абы и лъэныкъуэкIэ уэ сыт жыпIэфын икIи республикэ законхэр федеральнэхэм темыхуэу ара?

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым иригъэкIуэкIа пресс-конференцым теухуауэ 2008 гъэм гъатхэпэм и 6-м «Кабардино-Балкарская правда» газетым къытридзам и гугъу пщIымэ, ар зытепсэлъыхьыр КъБР-м и Парламентым къищтэ законхэркъым, атIэ щIыпIэ самоуправленэм и органхэм я норматив правовой актхэрщ. АтIэми «щIыпIэ закон» жиIэу щыIэкъым, щыIэр федеральнэ законхэрщ, республикэ законхэрщ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищта законхэм я гугъу пщIымэ, 2007 гъэм прокурорыр зыхуэмыарэзыуэ якъутэжар закони 8-щ. Ар ущIэпIейтеищэн бжыгъэкъым. Республикэ законодательствэр федеральнэ законодательствэм темыхуэу щытыныр къыхэкIынкIэ мэхъу законхэм зэи замыхъуэжу зэрыщымытми. Къапщтэмэ, Федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэ халъхьащ, ди законыр абы темыхуэж ищIу, ауэ дэ Iэмал диIакъым КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр къэмысу ди законыр Федеральнэ законым тедгъэхуэжыну. Аращи, апхуэдэхэм деж прокурорым абыхэм гу лъыдегъатэ.

Къэгъэлъэгъуэн хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэр законопроектхэм щыхэплъэкIэ, абыхэм я лэжьыгъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм, юстицэм и органхэм, Конституцэ Судым и правовой управленэм, Iуэхур зэгъэщIылIа хъу ведомствэхэм я лIыкIуэхэр жыджэру зэрыхэтыр. Апхуэдэ Iэмал къыдет Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым сыт и лъэныкъуэкIи зэпашэча законопроектхэр къыщыхалъхьэнымкIэ.

БАТЫР Любэ.

• Коллегиехэр

ЩIыр къоджэ

Мэлыжьыхьым и 18-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэм и коллегием и зэIущIэ екIуэкIащ.

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихри, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министр **Ерчэн Темболэт** зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэр зэрекIуэкIымрэ республикэм и АПК-м мы гъэм и япэ мазищым зэфIигъэкIахэмрэ.

Вэн-сэныр зэщIэгъэуIуауэ ирагъэкIуэкIын папщIэ республикэм и Правительствэм мэлыжьыхьым и 9-м къищтащ къызэгъэпэщыныгъэ-техникэ Iуэхугъуэхэр къызыщыгъэлъэгъуа унафэ. Гъатхэпэм и 24-м къыщыщIэдзауэ мэлыжьыхьым и 5 пщIондэ гупитI кIэлъыплъащ гъавэ щIэным хухаха щIыхэр къызэрагъэхьэзырымрэ гъатхэ-губгъуэ лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIымрэ. Къуажэхэм гъавэ щIапIэхэу бэджэнду щаIыгъ щIыхэр къанэ щымыIэу зыхухаха IэнатIэм къыщыхуагъэсэбэп. IэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, нэгъабэ елъытауэ бжыхьэсэ гуэдзу нэхъыбэ къытрахыну гугъапIэхэр щыIэщ. Абы щыгъуэми, бжыхьэсэ гектар мини 10,2- рэ щIыIэм исащ, абы сом мелуан 40-рэ мини 149-рэ я уасэ хэщIыныгъэ къихьащ. Апхуэдэ щIыпIэхэм къэкIыгъэхэр щыхасэж.

Мы зэманым хозяйствэхэм бжьыхьэсэ къэкIыгъэхэм минерал щIыгъэпшэрхэр халъхьэ, ежьужьхэр зэрагъэкIуэд щхъухьхэмкIэ йолэжь.Гектар мин 48-м щIыгъэпшэрхэр халъхьакIэщ, мин 20 япщIащ. Ахэр гъэ кIуам и иджырей зэманым еплъытмэ, проценти 155-кIэ нэхъыбэщ. Илъэсыр къызэрихьэрэ аммиачнэ селитрэу тонн мин 25-м щIигъу къащэхуащ. Минерал щIыгъэпшэру халъхьэр зэрыщытын хуейм нэхърэ нэхъ мащIэщ, ауэ гъэ къэс ар нэхъыбэ ящI - нэгъабэ тонн мин 25-рэ халъхьамэ, мы гъэм тонн мин 45-м нагъэсыну я мурадщ.

Гъатхасэ къэкIыгъэхэр гектар мини 189,5-м щыхасэнущ. Абы щыщу нартыхум гектар мин 69-рэ, сэхураным - мин 23-рэ, кIэртIофым - мин 12,5-рэ, хадэхэкIхэм - мин 17, Iусыпхъэхэм - мин 32-рэ, нэгъуэщI къэкIыгъэхэм - мин 36-рэ хухахынущ.

Республикэр жылапхъэфIхэмкIэ ирикъуу къызэгъэпэщащ. Ахэр гъэкIынымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ Мэкъумэш хозяйствэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым. КъищынэмыщIауэ, мэкъумэшыщIэхэм жылапхъэфIу сом мелуан 16 и уасэ къащэхуащ.

Гъатхэ-губгъуэ лэжьыгъэхэр ирырагъэкIуэкIыну республикэм иIэщ трактор 3500-рэ, щIым зэрелэжь, зэрыхасэ машинэ 2000. Абыхэм гъатхасэр и зэманым къриубыдэу зэфIагъэкIынущ. Дагъэ гъэсыныпхъэхэу псори зэхэту тонн 7200-рэ яIэщ.

«АПК»-м зегъэужьын программэр ягъэзащIэкIэрэ, мэкъумэшыщIэхэм техникэжьыр щIэкIэ зэрахъуэкI, лизингкIэ къыIахыурэ. Апхуэдэ IэмалкIэ 2006 - 2007 гъэхэм сом мелуан 326,6-рэ и уасэ къащэхуамэ, мы гъэм и япэ мазищым а Iуэхум трагъэкIуэдащ сом мелуан 70.

Республикэм и хозяйствэ псоми и кIэм щынагъэс гъатхэ вэнсэныр. Мэлыжьыхьым и 18-м ирихьэлIэу гектар мин 55-рэ хьэзыр ящIащ (гъэ кIуам и проценти 130-рэ). Бгы лъапэхэмрэ бгылъэ щIыпIэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ кIэртIофымрэ хасэн щыщIадзащ. Мы махуэхэм ирихьэлIэу кIэртIофыр гектар мини 10-м, хадэхэкIхэр - мини 6-м хагъэзэгъащ. Иджы щIыр нартыхумрэ сэхуранымрэ хуагъэхьэзыр.

Жыг хадэ гъэкIыным зегъэужьыным теухуауэ гъэунэхуныгъэгъэлъэгъуэныгъэ жыг хадэхэр райониплIым пхыкI федерал гъуэгухэм я гъунэхэм щагъэтIысащ. Чернэ Речкэ жылагъуэм жызум хадэ гектар 20 щащIащ, зэман гъунэгъум ар гектар 300-м нагъэсынущ, илъэситхум теухуа планым ефIэкIыу.

Республикэм вэн-сэн лэжьыгъэхэр къанэ щымыIэу накъыгъэм и 20-м ирихьэлIэу зэфIагъэкIынущ. Псы зыщIагъэлъадэ щIым гектар мин 82,42-рэ къызэщIеубыдэ, ауэ хозяйствэхэм яIэщIэлъ гидротехникэ ухуэныгъэхэм я щытыкIэр арэзы укъэзымыщIщи, ахэр зыIэщIэлъыр яубзыхун, Iэмэпсымэхэр зэрагъэпэщыжын хуейщ. Абы теухуауэ Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ министерствэм республикэм и Правительствэм и пащхьэ проект ирилъхьэнущ.

Министрым и докладым къызэрыхэщамкIэ, Iэщ гъэхъун IэнатIэми зеужь: нэгъабэ елъытауэ IэщIэвыщIэм и бжыгъэр проценти 104,7-кIэ, жэмхэм проценти 104,3-кIэ, кхъуэм - 103,2-кIэ, мэлым - 112,8-кIэ нэхъыбэщ.

Зыпэрыт IэнатIэм я Iуэху зыIутым теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъахэщ «Урысей мэкъумэш хозяйствэ центр» ФГУ-м и къудамэм и унафэщI Блий Станислав, мэкъумэш хозяйствэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и тхьэмадэ Мэремыкъуэ Арсен, «Мэкъумэшхимие» ОАО-м и директор IутIыж Арсен, IэнатIэр зэфIэгъэувэжынымрэ биотехнологиемкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр ОАО-м и унафэщI Лъакъуэдыгъу Хьэзрит, нэгъуэщIхэри.

КъаIэта Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ коллегием унафэ къыщащтащ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Чеченов Ануар**, КъБР-м и мэкъумэш лэжьакIуэхэм я профсоюзхэм я рескомым и унафэщI **Беслъэней Чэмал** республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ и комитетым и унафэщI **Несутулов Виктор**, КъБР-м и Президентым и чэнджэщэгъу **Уянаевэ Аминат**.

ЗЕЙ Гъузер.

•Лъэпкъ проект

Сымаджэщым зеужь

Къармэхьэблэ жылагъуэм дэт участковэ сымаджэщым «Узыншагъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ къыIэрыхьащ электрокардиограф, УЗИ аппарат, лабораторэ зыхуей-зыхуэфIхэр, «Газель» автомашинэ тIу.

АПХУЭДЭУ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен езым и фондым къыхэкIыу тыгъэ яхуищIащ рентген аппарат. Ар хабзэ тIэкIу дыдэкIэ тету ягъэув, абы къыпих рентген бзийр зэран мыхъун папщIэ. Апхуэдэу лъэныкъуитIкIэ къазэрыдэIэпыкъуэм я фыгъэкIэ сымаджэщым илъэс куэд лъандэрэ зэрыт щытыкIэ гугъум къокI.

Нобэ сымаджэщым и стационар къудамэм цIыху 35-м зэуэ щеIэзэну Iэмал ягъуэтащ. Абы хэт поликлиникэми махуэм хуэзэу сымаджэ 30-м щакIэлъоплъыф. Мы медицинэ IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу къызэгъэпэщыным мыхьэнэшхуэ иIэщ Iыху зыгъэрэ. «Iэмэпсымэ хъарзынэхэр диIэ хъуащ, - жеIэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Асльэн Мухьэмэд, - ауэ дызыгъэпIейтейр щIэныгъэ нэхъыщхьэ, курыт зиIэ дохутырхэр зэрытхуримыкъурщ, ди лэжьакIуэхэм щыщ куэд курс щхьэхуэхэм щыдогъаджэ. Шэч хэлъкъым зэман кIэщIым курибыдэу я Iуэхуми фIы и лъэныкъуэкIэ зэрызихъуэжынум».

ЛЬОСТЭН Музэ.

Дзэлыкъуэ куей.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

НТВ каналым и хьэщIэщ КъБР-м и цIыхубз сурэтыщI КIыщ Мухьдинрэ абы и щхьэгъусэ Мосс Жаклинрэ. Абыхэм я кум дэтщ диктор Шелест Ольгэ.

Москва, 2002 гъэ

Тщремыгъущ апхуэдэ щIыхухэр

● ГукъэкIыжхэр

ДУНЕЙМ екъжа щIыхуфIхэр фIыкIэ дигу кьэдгъэкIыжын, зэпымыууэ псалъэ гуапэ яхужыIэн хуеиуэ кьыщIэсIыбтэр абыхэм я фэеплъыр псэухэм щапхъэ тхуэхьуу гу кьабзэрэ щапхъэ дахэрэ дгъуэтын, дыззхуэгуапэу дызэбгъадэтын папщIэщ.

Фыыр, гуапагъэр зэрымыкIуэдыр кьыдгурыIуэмэ, ди насыпщ - абы ем дыщихьумэну, ди псэм зригъэужыщIу ныкъсфIощ. Аращ ущ щIы-хуфIхэм я щIэр, я Iуэхущафэ дахэхэр зэпымыууэ сигу кьыщIэзгъэкIыжыр. Фыыр зыщыгъупщэр фIы зыхуэмылэ жьыныращ. Уэ пщIэращ бгъуэтыжьынур, кIуэд зимыIэр - а псэльафэм акъыльыхуэ хэльщ. Ар кьызыгурыIуэм и насыпщ. Апхуэдэ щIыху насыпифIэхэм ящыщу дунейм тетащ ноби кьуэдм фIыкIэ ягу кьагъэкIыж НэщIэпыджэ Ибрэхьим.

Абы ныбжьэгъуэ куэд щиIар, куэдым фIыуэ кьащIыхуу щIыщытар, жьэгу пащхьэлIу мыхъ уу, утыку ихьэкIи, кьикIыжькIи зыщIэ щIалэу кьригъажьэри, лIы хуэдэу дунейм тетати аращ, Ибрэхьим Кьэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым щыщIэсам кьыдеджахэм фIыуэ ящIэж, ар щIыху хэтыкIэ зыщIэу, и пщэ кьыдальхъэ Iуэхуэхэр дгъуэу зэрфIэзыхьиф щIалэ жьыдхэру зэрыщытар. Арат дзыхь кьрагъэууэрэ студент хэм пашэ щIахуэхьур икIи нэхъыжьхэри ныбжьэгъэхэри кьыдзэрыщыгуГуэу кьыщыщIэкIыр.

ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зыгъуэта щIалэ Iэзэр, зэфIэкI хьарзынэ зиIэр гупытэнщэу зэи кьэнакъым: кьулыкъущIэ IэнатIэхэм кьэдрэ пэрытащ. Ар щыIэжьащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министерствэм, комсомол IэнатIэхэри ирихьIащ. Щыхуб творчествэмкIэ республикэ хьэм и тхьэмадэуи ильэс зыбжанэкIэ щытащ. А ильэсхэм Ибрэхьим зэфIигъэкIыфу щыта лэжьыгъэшхуэм сэри зыкьомкIэ сыщыгъуэазэщ. Районхэм, кьалэхэм щIыхуб творчествэр щефIэкIуэн, зыщиужьын папщIэ, Нэщ1эпыджэр зи унафэщI гупхэм зэхальхьэрт художественнэ самодеятельностхэр зэрыIэжьэну программэ гъэщIэгъэнкIэр, усэхэр, рассказхэр, зы тепльэгъуэ фIэкI мыхъу пьесэхэр зэрыт сборникхэр кьыдагъэкIыр т А лэжьыгъэ щхьэпэм кьраша-лIэрт усакIуэхэр, тхакIуэхэр, композиторхэр, артистхэр. Абыхъ эм я IэдакъэщIэкIэхэр художественнэ самодеятельностхэм я IэрыхьэН папщIэ ЦIыхубэ творчествэмкIэ унэм илэжь а IуэхуфIхэм я кьыззэгъэпэщакIуэ емышыжыр Ибрэ хьимт.

Жьрдэмышхуэ зыхэлъ, цIыхухэм задебыгъэкIуэ Нэщ1эпыджэм сыт щыгъуи кьыгурэнашщ, - жьыс1эу ди унэщIэхэр кьыщезбжэкIым:

- Уэлэхьи, уэ щIалэр угушыIэрей гуэру кьыщIэкIыным. Ауэ дзри шынэкъэрабгъэхэм дащыщкъым, гушыIэр тхозагъэ. Иджы пэжыр кьыдджепIамэ...

- Пэжыр араш, тхьэмадэ, - жьызоIэри, ди унэщIэхэр аргуэру кьызобжежьыж.

- Тобэ ярэби, зэщхьыркьабзэу апхуэдэ дзы зиIэ щIалиц сарихьлIэну хэт и фIэщ хуьнт? - жиIэри тхьэмадэр ней-нейуэ кьыдзэлIыуэр щытащ. Фи фIэщ мыхьумэ, ди гъуэ Нэфльашэ Мыхьмуд фепущIыкI», - жиIэрт Ибрэхьим.

Апхуэдэ куэд дыщIигъэдIыгъ, кьыбжиIэ хьыбархэр гъэщIэрэщIэныр зи мыхьарэуэ, абыхэм литературэ тепльэ дахэ кьыстеIэгъуэ ди бгъэльагъуэм. Абы урягъэсу зэи уэзышынутэкьым. Уригъэсэнуи щхьэпэт: умыщIэ кьэпщIэнут, акьылрэ гуапагъэрэ кьыбгъэдэхынут. А псом и мэщIыкIи, и лэжьыгъэкIи, и цIыхугъэкIи куэдым яспыщIу мо лIы кьеекIуэхуэр зыгуэрым ебгъэльэIун хуэмэ, абы ущыхущIегъуэж, ар кьыщагъэщIэхьу кьэхьуаеу сщIэжьрыкъым. ЦIыхьэлIыкIуэ лъапсэ щыдэсщIыхьмэ, нэгъуэщIхэм щхьэкIи сельэIуурэ, сэ абы Iэхутхьэбзэ Iэджэ кьыскъуищащи, Тхьэм жэнэткIэ кьыхуищIэж.

Нэщ1эпыджэ Ибрэхьим хуэдэхэм яхуэфащэкьым я фIыщIагъэр пщыгъупщэну. «Сэ Аллахьым фIыуэ сыкьеелIагъэу» фIыщIэ Iэдакъэ и Iэ згъэхьэзыра си гукъэкIыжхэм, Ибрэхьимм и унагъуэ дахэмм, кьыс хуэгуапэу, пщIэ кьысхуащу сыкьеэзыльэгъуэ зи унагъуэхэм сихьа и Iыхьлы-благъэхэмя яхуэфащэ гулыпытэ щахуэсщIащ. Апхуэдэ пщIэр кьалэхэь абыхэм. УцIыхуу зыпльатэжмэ, апхуэдэхэм цIыху хуэдэуи яхущытын хуейщ - гуапагъэм гуапагъэ кьырикIуэжу щытмэ, цIыхухэм я псэм зеуэзэщI. Нобэ ящIа фIым нэхъри нэхьыбэ пщэдей ялэжькIыну хущIэкъунхуэщ.

Апхуэдэ гупсысэ куум ухуэзышIэр дахэу дунейм тетхэмрэ тетакэмрэщ. Мис абыхэм ящыщ зыуэ кьызольпэтэ кьыльагъэ щахуэсщIащ. Апхуэдэ пщIэр кьалэхэь абыхэм. УцIыхуу зыпльатэжмэ, апхуэдэхэм цIыху хуэдэуи яхущытын хуейщ - гуапагъэм гуапагъэ кьырикIуэжу щытмэ, цIыхухэм я псэм зеуэзэщI. Нобэ ящIа фIым нэхъри нэхьыбэ пщэдей ялэжькIыну хущIэкъунхуэщ.

Ди лIы-щIыхуу щIэкIыр, хэт сыт и щыфэщIыфэми, хэт сыт хуэдэ къэзгиныкъэми хэтIыну. Псори зыхуэзарэзы унафэщI зэрыщымыIэм хуэдэу, псоми зэхуэдэуэ яхуэщIыт унафэщIри гъуэтыгъуафIэу кьыщIэкIынкъым. Ауэ Ибрэхьим зыздримыгъэкIуф унафэщI щыIэтэкъым. И мыузу зэригъэхуэртэкъым, щIыху вэгъэгъэт. И лэжьыгъэраци, дагъуэ зыхуэпщIын бгъэдэлъэтэкъым. Арат абы щIэльапIэхэри, щIытхъ тхьилъхэри куэдрэ кьыщIыхуэгъэфащэр.

Радиоми телевидениэми я коммунистхэм я пашэу щыщыта илъэсхэм Нэщ1эпыджэр унафэщIхэм щIэгъэкъуэпщыкIыгъэ щIытхуэхьурт: фэтрэхэр гуэшын е саугъэтхэмкIэ зыгуэрхэм яхуэуплсэн хуей хъуамэ, Ибрэхьим и чэнджэщхэр хуабжьу кьытхуэщхьэпэрт - абы нэфI-ней зэрихьэртэкъым, цIыхур зэхэгъэж ищIыртэкъым. Арат ар унафэщIхэми и лэжьэгъуэхэми фIыуэ кьыщIальгъуэр. Гу кьабзэ, псэ дахэ зиIэ ИбрэхьимхуэдэцIыху тыншэр, хьэрэмыгъэншIэжр фIыуэ умылъагъункIэ Iэмал иIэтэкъым...

Си щхьэкIэ сыхуэарэзыщ, Алыхьыр арэзы кьыхуэхэлъу, жэнэтыр уныIэпIэ хуищIащ кьыщигъэкI.

КХЪУЭЦУФЭ Хьэчим,
тхакIуэ.

●Фэеплъ

Нэщ1эпыджэ Ибрэхьим.

Махуэ къэс

НЭЩIЭПЫДЖЭ Ибрэхьим ильэс куэдкIэ щылажьа радиор зыхьхьэ комитетым сриунафэщIти, махуэ кьэс си гъэ щIэкIырт, хэт сыт и щыфэщIыфэми, хэт сыт хуэдэ къэзгиныкъэми. Псори зыхуэарэзы унафэщI зэрыщымыIэм хуэдэу, псоми зэхуэдэуэ яхуэщIыт унафэщIри гъуэтыгъуафIэу кьыщIэкIынкъым. Ауэ Ибрэхьим зыздримыгъэкIуф унафэщI щыIэтэкъым. И мыузу зэригъэхуэртэкъым, щIыху вэгъэгъэт. И лэжьыгъэраци, дагъуэ зыхуэпщIын бгъэдэлъэтэкъым. Арат абы щIэльапIэхэри, щIытхъ тхьилъхэри куэдрэ кьыщIыхуэгъэфащэр.

Радиоми телевидениэми я коммунистхэм я пашэу щыщыта илъэсхэм Нэщ1эпыджэр унафэщIхэм щIэгъэкъуэпщыкIыгъэ щIытхуэхьурт: фэтрэхэр гуэшын е саугъэтхэмкIэ зыгуэрхэм яхуэуплсэн хуей хъуамэ, Ибрэхьим и чэнджэщхэр хуабжьу кьытхуэщхьэпэрт - абы нэфI-ней зэрихьэртэкъым, цIыхур зэхэгъэж ищIыртэкъым. Арат ар унафэщIхэми и лэжьэгъуэхэми фIыуэ кьыщIальгъуэр. Гу кьабзэ, псэ дахэ зиIэ ИбрэхьимхуэдэцIыху тыншэр, хьэрэмыгъэншIэжр фIыуэ умылъагъункIэ Iэмал иIэтэкъым...

Си щхьэкIэ сыхуэарэзыщ, Алыхьыр арэзы кьыхуэхэлъу, жэнэтыр уныIэпIэ хуищIащ кьыщигъэкI.

КХЪУЭЦУФЭ Хьэчим,
тхакIуэ.

Лъагъунытъэрэ пщIэрэ

ГУ КЪАБЗЭРЭ псэ дахэрэ иIэу сэ зы щIыху си нэIуасэу щытамэ, етIуанэр Нэщ1эпыджэ Ибрэхьимт. Зы пэш дыздыщIэсу абы куэдрэ сыщыдзэпсжьащ радиом. Ар еш зымыщIэ лэжьакIуэщIуэт. Абы ягъэкIыжу щыта нэтынхэр купщIафIэт, щIэщыгъуэт, псоми гурыть тщIыхьрт. Лэжьыгъэм зэрыбгъэдэт и лъэныкъуэкIэ Ибрэхьим удэпльеймэ, зэи ущыуэнэтхьым.

И щIыху хэтыкIэм, ныбжьэгъу зэриIыгъыфу щытам я гугъу тщIыпмэ, апхуэдэIэ Iуэтыгъуейт: хьэрэмыгъэншIэт, зи Iэгур зи Iэнэ цIыху жумартт. Уи нэщIыбгаькIэ кьыпхуэпсэльэнэтхькым, игу иримыхьын гуэр кьыбдилъэгъуамэ, унгъэIущIыртэкъым, атIэ дахэу, уи жагъуэ кьимыщIу уиущийрт. Ар нэхъыжьыфIри нэхъыщIэфIи тхуэхьурт. Ди гуфIэгъуэри кьыддиIэтырт, гуаау щыдиIэми зыкьытщIигъакъуэрт. Нэщ1эпыджэр кьызыхуаъхуар и псэ дахэмкIэ цIыхубэм ядэгуэшэнырт.

И унагъуэр-щэ?! И щхьэгъуэ Тамари, дыгъэм ущIэдэ и хьыдджэбзитIри, и кьуэ Заури цIыхур зэхъуапсэм хуэдэт. Хабзэ, нэмыс, гуапагъэ зэрыIэт абы и унагъуэр. Си щхьэкIэ сехъуапсэрт Ибрэхьимрэ абы и унагъуэм исхэмрэ я зэхуущытыкIэ дахэм. Абыхэм яку дэпльт лъагъунытъэрэ пщIэрэ. Дауи, а псомкIи нэхъыбэу фIыщIэр зеиуэ слыгтэр зэрыщIэу, ящхьэщыт си ныбжьэгъу нэхъыжь Ибрэхьимт. Апхуэдэ дыгъэуц, апхуэдэ мазэуц ар си гум кьыззриншэжари.

КУЧИНАЕВ Магомет,
балькъэр тхакIуэ.

Нэщ1эпыджэхэ я унагъуэр. *1974 гъэ.*

Къру пашэ

ЦIЫХУГЪЭ, ныбжьэгъу къыпхуэхьу псори гум кьынэжьыркъым. Ауэ щыIэщ дуней дахэм ущыхуэзэну Iэмал уимыIэжми, унгъ кьэкIыжа нэужь, псэум хуэдэу уи нэгу кьыщIыхьэж, гукъэжьыж гуапэхэр зэпха, «IаIащ» хужьыIэну уи гум кьыпхуимыдэ ныбжьэгъуфIу щытахэр. Си дежьIэ апхуэдэт кьысхуэгуапэу, чэнджэщыфIхэр кьызэзыту щыта Нэщ1эпыджэ Ибрэхьим.

Дэ ильэс 15-кIэ дыщыздэлэжьащ Къэбэрдей-Балькъэр радиом. Абы япэкIи фIыуэ дызэрыщIыхурт. Ар курситIкIэ си япэ иту университетым дыщеджат. ЩIыщIэхэркъэзыIэтхэм дахэту Къэзахъстаным кIуэу щытахэм Нэщ1эпыджэр ди кьру пашэт.

Ибрэхьим пэжыгъэ зыхэлъ, IуэхуэкIэ зыхуэбгъэзамэ, лъэкIыр кьыпхуищIэну хьэзыр щIыхут. Апхуэдэу сигу кьынэжащ си ныбжьэгъэр.

КЪАГЪЫРМЭС Борис.
тхакIуэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Ибрэхьим

Къуажэ телефон

(ГушыIэ)

СИ НЫБЖЬЭГЪУ Мэчгъэрэ Iуел сымаджэу кьэзгъэзэжаагъ, пщэдджыжьым жьыуэ щIэупщIакIуэ з сыкIуащ. Уэзм сыщыщIыхьам, Мэчрэ Iуел пщIэнтIэпсэр кьыпыхуу, уфыIэгъуэ имыIэу зигъэжьIэрахъуэу пIэм хэлът. И щхьэгъусэри нэщхьейуэ сымаджэм щхьэщыт.

- Дохутырым хьыбар еб-гъащ? - соупщI абы.

- ЩIыжьым, зегъэпсэжу.

- Скорэм уеджэу сымаджэщым ебгъэшэн хуеящ, - згъэжьIуэнэ ящIащ ар. Арыхэхэуи дохутырыр кьэсщэну псынщIэу сежьащ.

Колхоз правленэм сыщIэльэдащ, бухгалтерыр кьыщIыхьа кьудейуэ сIолым бгъэдэтIысхьащ.

- Хьунумэ, фи телефонымкIэ районым сыпсэльэгнут,

- ЩIэхьунмэ, ауэ сыжьакIуэныр я телефоным кьыжьэнащэрэт, - жиIэу щIалэр кьэтэджри, адрей сIолым бгъэдэтIысхьащ.

Абы кьыжьилар зыкIэзмыгъэIуэхуу, телефоныр зэгъэкIэрахъуэу щIэздзащ.

- СодаIэрэ, трубкэм бадзэ щыдымырыкъым». Апхуэдэуэрэ дакьикъэ зыбжанэ дэкIащ.

- Мы телефоныр лажьэу кьыщIэжьынкъым, - жеслащ Iуэльэгъуэм имыгъэлажьэу щыс щIалэм.

- Уэлэхьи, зэзэмызэ жэуап кьыщит щыIэм!

Бухгалтерри си гъунэгъуу кьэтIысри, зыгуэр «кьедгъэIуэтэну» телефоныр нужь дихьащ.

Нэхъ мащIэ дыди, дакьикъэ пщыкIутхукIэ ручкэр зыгъэкIэрэхьуа бухгалтерыр трубкэм едаIуэри, гуфIэу си тхьэкIумэм кьыIутIыхьащ, арщхьэкIэ, «комутаторыр кьодаIуэ» псальитIыр зэхэсхри, бзэхьажащ. Куэдыщэ дэмыкIыу аргуэру а псальитIыр трубкэм кьыIуащ, «Гайдэ! Сы-маджэщыр кьыззэтыт» - жьысIа кьудейуэ, «сельсоветкьодаIуэ», - кьыIуикIащ трубкэм.

Арати, псори кIуэдыжащ, дэри телефон удыныщIэнымщэрыщIу щIэздзэжащ...

Сытми, си насыпыр кьекIэрэхъуэкIри, трубкэм псальэмакъ кьиIуикIащ, апхуэдэуэрэ сызыхуэсыл сымаджэщым и пIэкIэ сызыхуэмей кьуажэ зыхьхьблым сыпащIащ. АпщIондэху правленэм цIыхур щIэз кьэхьащ, си Iуэху зэрфIэкIыным псори кьыпоплъэрэ зэхэтщ. Абыхэм зэран саззрыхуэхьур сольэгъури, сэри си напэр мэс, арщхьэкIэ районым нэс километрипщI дэльщ, абы сыкIуэу сыкIэкIуэжьыу сымаджэм зы бзылъхь кьыщыщынкIэ сошынэ, «мэуэ, иджьпсту телефонымкIэ сагъэпсэльамэ, Iуэху зэфIэкIтэкъэ», - жьызоIэ.

Араци, сльэкI кьэзгъэнэркъым. Аргуэру бзыкъанэрэ телефоныр езудзкIаэу, «комутатор» псальэр зэхэсхащ. Абдеж зыпIэжьэ хьунт?

Си сым кьытегъуэлъхьа псори зэуэ трубкэм исIуэтэ-ну сыхуэежьащ, арщхьэкIэ Iуэнум сынимыгъэсу трубкэм кьиIуикIащ:

- Кьыпщыщар сыт, щIалэ, мафIэ кьыпщIэна? Хьэмэрэ ныжьэбэ пщIыхьэпIэ Iей пльэгъуэ?

- Сымаджэ хьэлъэ диIэщ, сыдигъуэ хуеящ. ПIащIэр апхуэдэу хэжаеркъым, - кьызогий цIыхубзыр.

Зыбжанэ дэкIа нэужь, сытми сымаджэщым сыпащIэри, си Iуэху зытетыр дохутырым зыщIэжьаж...

- Уи ныбжьэгъу МэчрэIил иджьпсту кьашэри щIэдгъэгъуэльхьащ, тIэкIу дэкIыжамэ, упыкIат, операцэм щIыдодзэ...

1964 гъэ.

● Дзюдо

Хъурсинэмрэ Джэданэмрэ - автомобиль зырыз

Мы махуэхэм «Налшык» спорт комплексым щекIуэкIащ дзюдомкIэ щIалэ цыкIухэмрэ хьыджэбз цIыкIухэмрэ я урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы ныбжьэнащ Мэзкуу, Санкт-Петербург, Къэбэрдей-Балькъэрым кьыщыкъэмыщIауэ, ди къэралым и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм я ныбжьэгъуитIым 700-м щIигъу.

ЗЭКЪЭЗЭХУЭЗЭР кьыззэрагъэпэщащ УФ-мрэ КъБР-мрэ Физическэ культурэмрэ спортымкIэ я агентствэхэм, къэралымрэ республикэмрэ дзюдомкIэ и федерацэхэм, «Гладиатор» спорт клубым.

Ди республикэм кьыбгъэдэкIыу зэхьэзэхуэм щыбэнащ «Гладиатор» клубым и спортсмен ныбжьыщIэ 28-рэ (абыхъм ящыщу 4-р хьыджэбз цыкIуц).

Зэхьэзэхуэр кьызэIуахащ КъБР-м и Президентым и Administрацэм и Унафэщ, республикэм ДзюдомкIэ и федерацэм и президент **Кьэжэр Альберт**, дунейпсо спор тым щыцIэрыIуэу, фигурнэу мылым кьыщыщыжьынымкIэ зыбжанэрэ олимп чемпион хьэ **Роднина Ирин**э, УФ-м ДзюдомкIэ и федерацэм и вице-президент, къэралым и Президент Путин Владимир и тренер **Рахлин Анатолий** сымэ. Ахэр спортсменхэм екъуэхьуащ зэхьэзэхуэр гъэщIэгъуэн, удэзыхьэх хьуну.

Урысейпсо зэхьэзэхуэ экзм я япэрей махуэм ди республикэм дыщэ медаль кьыцихьащ килограммищым щIигъуэхэр щыбанэ гупым х эт, зэхьэзэхуэхэм я суда нэхъыщхьэ Емкъуэ Мухьэмэд и гъэсэн Хьурсинэ Артур. «Гладиат ор» спорт клубым и президент Хьэпсырокъуэ Назир кьыбгъэдэкIыу абы иратащ «ВАЗ-2107» автомобилрэ сом мини 100-рэ. Щыбэна хьэльагъэм зэхьэзэхуэм и жэз медалхэр кьыщахьащ Мэремыкьуэ Аззмэтрэ (кг 73-рэ) Хьэбэчыр Муратрэ (кг 81-рэ). А щIалэхэри егъаеу УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Емкъуэ Мухьэмэд.

Иджыблагъэ Португалием щекIуэкIа европэ чемпионатым ещанэ уэвыпIэр кьыщыщIыхьа Джаншэ Аслан и «Лада-Приор» автомобиль кьритащ «Къэббалькъгражданстрой» уэхуакIуэ компанием и генеральнэ директор Бэжьидэ Мухьэмэд.

КЪЭКЪУН Бэч.

●Гу зылъытапхъэ

Ахъшэ «хисхьахэр» зэратыж щIыкIэр

Редакцэм куэдым къатх, куэди къопсалъэ Урысей Федерацэм и Хьэмэпэ банкым хэль я ахъшэмкIэ компенсацэ кьызэрыратыжыным щIэупщIуу. А Iуэхур гурыIуэгъэу ищIыну да зыхуэдэзэщIу Урысейм и хьэмапIэ банкым и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм щIэуэпщIуу пщIэныгъэ яхуиIэныкIэ и инспектор Бэгъэтыр Анзор.

2008 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щIыщIэдзауэ Урысейм и Хьэмапэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэ №8631-м и Iэнатэ-тэ псорэ иужь ихьащ компенсацэр, дыщIагъэж компенсацэр ирагъэхъуэмэну ахъшэм щыщу 1991 гъэм мэкъуаугъэрэм и 20-м ирихьэлIэу кьинам хуэдиз хьуурэ тыкIэм (1991 гъэм ахъшэм и нарицательнэ уасэр зэрыхьуу щытам тещIыхьауэ).

Компенсацэ кьрат хьунущ Урысейм Федерацэм и щIыхуэзу мыпхуэдэгу гупхэм хьыхьэхэм:

- 1954 гъэр хиубыдэу кьалъхуа-хэм;

- I гупым хьыхь ныкъуэдыкъуэхэм;

- II гупым хьыхь ныкъуэдыкъуэхэм;

- III гупым хьыхь ныкъуэдыкъуэхэм;

- пажьыгъэ иригъэкIуэкIыну Iэмал кьыфIмыIуэ III гупым хьыхь ныкъуэдыкъуэхэм;

- сабий ныкъуэдыкъуэхэм я адэ-анэхэм, опекунхэм (попечителхэм);

- щысабий ящхьэ ныкъуэдыкъуэхэм я адэ-анэхэмрэ опекунхэмрэ (попителхэмрэ);

- ираджэу зэз кьулыкъуэр езыхьэкIа икIи мамыр зэманым дзэ кьулыкъуэр щрахьэжьыкIуэ кьуажэ (пIа) кьуэхэм я адэ-анэхэм;

- мурад гуэркIэ щхьэхуэу сабийхэм хухалъхьахэмкIэ;

- сабий зеинщэжм, адэ-анэ зыщхьащмыгъэ сабийхэм хухалъхьахэмкIэ.

Компенсацэ кьратыну хуитыныгъэ яIэщ ищхьэмкIэ кьыщыхьа цIыху гупхэм ящIыщу щIэин зыкуэзэжм, ди ахъшэр банкым езыгъэхъуэмэ лIам и ныбжьыр здыныкъэм емылытатуэ.

Дунейм ехьжам иращIэкI даузэ дапщэм щхьэщIэ компенсацэр щIэиныр зыпльысын хуейм е а ахъшэр лIам тезыгъэкIуэда цIыхуэхэм ират, хьуманIэ банкым хэль ахъшэр зейр 2001 - 2008 гъэхэм Урысей Федерацэм и гражданину щыту лIамэ.

ЦIыхуэхэм банкым щахьэмэ ахъшэ нахьапэкIэ компенсацэ щIыхуатхауэ икIи щIратауэ щытахэм 2008 гъэм кьытрагъэзэжу компенсацэ, дыщIагъуж компенсацэ иратыкъым. Компенсацэр, дыщIагъуж компенсацэр Урысейм и Хьэмапэ банкым и Шэшэн банкыу щытам хэльа ахъшэмкIэ я гъэщIэгъуэм и 20-м нэсыху халъхьауэ щытамэщ.

Нэхъ зэпкрыхьауэ ущыщIэупщIэ хьунущ Урысейм и Хьэмапэ банк ОАО-м и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэ №8631-м и дэтхэнэ Iэнатэмэ, апхуэдэуи 40-47-41; 42-40-96 телефонхэмкIэ.

И псалъэр си фIэщ хъурт

ИПЪЭС куэдкIэ зы коллективым дыщылажьащ Ибрэхьимрэ сэрэ. Ар си гум кьынэжащ икъуэкIэ цIыху гуапэу, гушыIэ зыхэлъу. ЦIыхум кьыдахьу гуаузэкIэрэ гуфIэгъуэхэмрэ хэтырейуэ.

Хьыбар куэд дыдэ ящIэт ди ныбжьэгъуфIым. «Гупым яхуэмыгъэт» жьыуаIэм хуэдэти, цIыхур кьепщIэщIэкIыртэ, кьыпхуэтэхэр ди щIасэт. Мызэ-мытIэу къэхуащ си лэжьыгъэмкIэ кьыщыздэIэпыкъуа, къужьажэ советхэм, цIыху пэрытхэм ятеуухуауэ тхыгъэ хэзарзынэхэр схуихьэжьэзэрурэ си лэжьыгъэр кьыщыздигъэпсынщIа.

Ибрэхьим и хьэл-щэныр си дежьIэ гуаэзэфIт, и псальэр зыкъэыу си фIэщ хъурт, и IуэхущIафэхэр сфIэдахэт. Ар гъунэгъу схуэхъуну си нэ кьикIырти, зыщIэпсэу хьэблэм ящIэ кьыщысщIэхуну зыкьомрэ сыхэтащ, Ибрэхьимм кьыздэIэпыкъуу. Унэ зэпэщ, и уасэкIи езэгърабгъуу, кьысхуигъэзэт, дыззэгурыIуэ хуэдэуи хъуат, унэр зейр «икIуэтыжащ» ар-мыхъумэ.

ФIыуэ сыщыгъуаззщ Ибрэхьим кьыщIэщ унэгъуэм и псэукIэм. СыщогуфIыкI и щхьэгъусэ Тамари и бынхэри гъащIэм дэбакьуэу, нэмыс яхэлъу, зэрыжаIэщи, екIуэ-ещхьу зэрыпсэум.

Ибрэхьим дунейм зэрехьжар ямылейуэ гущIыхь сщIыхьат... Сэ а цIыху гуэзэджэм гурэ псэкIэ сыхуэхъуахъуэ ахърэтыфIкIэ.

ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбий,
тхакIуэ.

Щ1эслъхьэж къыщ1ыхъуу си щ1алэгъуэр

Нэщ1эпыдджэ Ибрэхьим и фэеплъу

Щ1эх-щ1жьыу зыл1 щ1эткIыкI хъуащ
си гу къуэпсым -
Ящыщу си щ1алэгъуэр зыдэжам,
Мис, нобэ гъэрым щ1ззутхьикIыу
пэнсыр
Щ1ыбгъэжьажь хьэдэ напэм
сиплъэжащ.
Щ1ыбгъэт, къопсэльэным хуэдэу.
И нэгушхуэм
Пурыр кьынщт.
Ещхьт жейм хильэфын къудейм.
Зэрыпсэуам хуэдэу нэшхуэгушхуэу,
КIуэрыкIуэр зэтту ехьжащ дунейм.
Си жьэ зэщ1эсхьыу псалъэ схужьмы1эу,
Кьэмызу си жьэпкъыпэр сыщ1ъэщ1ыщ1.
Ди хужьи фIыщIи - зыщ1ыдг1ъэпщ1кIу
щ1ымыIэу
Кьыздетхьэжьа гъэ Iэфlхэр си нэгу щ1ептщ.
Псэ хьэлэл и1эт апхуэдизкIи,
Щ1ыхум
Сльэгъуауэ сщ1эжкъым и гум ар щ1еуа,
Хьэрэмыгъэншэу, тэмакъкIыхьу,
Iэжун
ЗэфlигъэкIыфу лы хуэдэу псэуащ.
Унхьамэ, дахэу кьекIуэкI и унагъуэм,
Фыгъуэу гуэр хуэпхьа щ1ыхуу
пщ1ыгуфIыкIт,
Ар и гуапагъкIи ещхьэкIи и нигъым,
Пф1эмыщ1у гу ун1э ущ1эсхьу ф1эжI...
Мис иджы, щ1эслъхьэж сщ1ыхуу
си щ1алэгъуэр.
И нэхъ Iэфlыпl1э Iыхьэхэм щ1ыщ1 зы,
Кьысхуэдэшеирщ1ыр
ерагъыу:
«Къэр арэзы кьыпхухуу -
Сыпхуэарэзыщ...»

Ибрэхьим Сэкрэк Хьэсэнрэ Кьуныжь Михаилрэ и гъусэу. *1975 гъэ.*

● Къаугъэ

ХьэкІэкхъуэкІагъэ

Вэсэмахуэ къыдэкІа «Спорт-экспресс» газет цІэрыІуэр къызэрызэІуихар хьэрф ин дыдэхэмкІэ тедза мы псалъэращ. Ар зытеухуар мэлыжьыхьым и 18-м и жэщым Налшык километри 140-кІэ пэжыжьэ Азау зыгъэпсэхупІэм деж Мэзкуу и «Спартакым» къыдэщІхэмрэ а щІыпІэм щыпсэухэмрэ зэрызэзэуарщ. «Шахризада» хьэщІэщым къыщыхъуам нэщІэбжьэ къыишащ: зыр реанимацэм щІэхуащ, тІур яуІащ - зыр сэкІэ, адрейр кІэрахъуэкІэ.

Мэзкуу и «Спартакымрэ» ЦСКА-мрэ дэщІхэм сыт щыгъуи бэлыхь зэрапыщІар зым и дежкІи щэхукъым. Уеблэмэ, Урысейм и мызакъуэу, нэгъуэщІ къэралхэри ягъэгулэз. Щапхъэу ирикъунщ нэгъабэ Прагэ къыщагъэхъея зэрыхьзэрийр, Раменскэм, Химки я стадионхэр зэрызэтракъутар, нэгъуэщІ куэди.

Илъэс ещанэ хъуауэ премьер-лигэм хэт Налшыки зрикъун къылъысащ. Зи гугъу тщІа командитІыр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыкІуэкІэ, хабзэжъумэ куэдым я Іуэху псори лъэныкъуэ ирагъэзри, абыхэм якІэрыщІа мэжъу. Абы щхьэкІэ къэмынэу хьэлэбэлыкъ къафІохъу икІи сыт щыгъуи ягъэкъуэншэжыр дэращ. Мы зэм а хьэкІэкхъуэкІагъым и къежьапІэр «Спорт-экспрессым» и корреспондент Дзичковский Евгений тэмэму зэхигъэкІыну яужь ихьащ икІи ар фи пащхьэ идолъхьэ. Абы щыгъуэми, шэч къытетхьэркъым Мэзкуу игъэзэжа и ужькІэ а щІалэри и Іыхьлыхэри фашист гупсысэр зи гъуазэу къэралым и къалащхьэм дэз хъуахэм зэхэзехуэн зэращІынум.

Мэлыжьыхьым и 19-м «Сатурнымрэ» «Зенитымрэ» Раменскэм и стадионым щызэдэжэгуам мэзкуудэсхэм мыпхуэдэ лозунгхэр яІыгът. Абы къикІыр гурыІуэгъуэкъэ?!

СПОРТ ЭКСПРЕСС
ДИКОСТЬ

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и къалащхьэр зэщІогъагъэ, къуалэбзухэм уэрэд къыщраш. Уасэхэр инкъым, уэрамхэр къабзэщ, ІэфІу щопщафІэ. Лэжьыгъэ нэужьым зыщыбгъэпсэхуну, жьы къабзэкІэ убэуэну, Кавказ Къырыщхуэм и лъабжьэм футбол ущеплъыну махуитІ-щыкІэ мыбы укъэкІуэну уасэ иІэкъым. Ауэ сэ къызгурыІуэркъым мыпхуэдэ щІыпІэ телъыджэм ІуэхугъуитІ фІэкІа уимыІэу укъыщІэкІуэнур: уи цІэр умыщІэжыхукІэ уефэнрэ уфыщІэнрэ щхьэкІэ.

«Спартакым» и фанатхэр аргуэру «къыхэпІэнкІыкІащ». ЗдэкІуар, щІэкІуам и щхьэусыгъуэр, я мурадыр, къалэныр, абыхэм кърикІуэнур зэхагъэзэрыхьри, ахэр аргуэру къаугъэм и курыкупсэм къихутащ, уголовнэ кІэух иІэу. Ар Налшык къыщыхъуамэ, абы псалъэмакъ нэхъ иныж икІи нэхъ гуащІэж къикІынут, аращи, хьэлэбэлыкъыр а къалэм километри 140-кІэ пэжыжьэ Іуащхьэмахуэ лъапэ къызэрыщаІэтам дыщогуфІыкІ. Іуэхум и къекІуэкІыкІар зэхэзгъэкІын папщІэ, сэ захуэзгъэзэн хуей хъуащ «СпартакитІми» шынагъуэншагъэмкІэ я ІэнатІэхэм я унафэщІхэу Нежнин Сергейрэ Пэнагуэ Феликсрэ, Налшык щекІуэкІыну зэІущІэм и комиссару ягъэкІуа Урысей Футбол Зэгухьэныгъэм зэхьэзэхуэхэр егъэкІуэкІыныммкІэ и департаментым и директор Куликов Сергей, къэбэрдей-балъкъэр клубым и директорхэм я советым и тхьэмадэ Былымгъуэт Анзор, я цІэ къидмыІуэну лъэІуа, щІыпІэ милицэм и къулыкъущІитІым.

- Арати, Мэзкуу и «Спартакым» дэщІхэм Налшык кІуэну загъэхьэзыращ. Нэхъ къулейхэм кхъухьлъатэр нэхъ къащтащ, зыплъыхьын зыфІэфІхэм мафІэгур е гъунэгъу Ставрополь крайм и маршруткэхэр къыхахащ, адрейхэр автобус хэм итІысхьащ. А «зекІуэм» кІэлъыплъ ІэнатІэхэр щыгъуазэт Мэзкуу автобусих къызэрикІым: плІым «Фратрия» гупым хэтхэр, тІум - «Спартакым» и фан-клубым щыщхэр ист. Ахэр псори Налшык къэсын хуейт зэІущІэр щекІуэкІыну махуэм.

АрщхьэкІэ, иджыри зы автобус щыІэу къыщІэкІащ. Ар Мэзкуу къикІри Къэбэрдей-Балъкъэрым зэІущІэм и пэ къихуэ махуэм, мэремым, къэсащ. ИкІи, Налшык дэмыхьэу, Іуащхьэмахуэ лъапэкІэ, Тырныауэрэ Чегетрэ я лъэныкъуэкІэ яунэтІащ. Абы исахэр сыт хуэдэ гупым щыщми зэкІэ зэхэкІакъым. ГурыІуэгъуэр ящымыщ гуэрхэр зэрахэтамрэ автобусым Калугэ областым и 40-нэ номер зэрытелъамрэщ. Ар нэхъ пуду мэзкуудэсхэм бэджэнду къащтагъэнущ.

А автобусым цІыху 50-м нэблагъэ исащ. Иджыри зыбгъупщІ Воронеж деж къащыхэтІысхьащ. Тырныауз дэжри, Іуащхьэмахуэ хуэкІуэ кІапсэ гъуэгум щыщІидзэ Чегет и Азау губгъуэм щитІысыкІащ. ХьэщІэ хэм япэплъэрт: къэкІуа псори «Шахризада» уней хьэщІэщым щІагъэтІысхьащ. Хъарзынэу егупсысауэ псори къызэрагъэпэща хуэдэт, арщхьэкІэ....

Іуащхьэмахуэ лъапэ нэ хъыбэу щыпсэур балъкъэрхэрщ, адыгэхэм нэхърэ мы республикэм куэдкІэ щынэхъмащІэ лъэпкъым щыщхэрщ. Ауэ, псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, Чегетрэ Азаурэ турист кІуапІэщ. Мыбы къакІуэ дэтхэнэ зыми гуапэу щыІуощІэ, псом хуэмыдэу уней ІуэхущІапІэ зиІэхэр: зэрырагъэблагъэм елъытащ я хэхъуэри. «Спартакым» и фанхэми нэгъуэщІу яхущытауэ си гугъэкъым. ХьэщІэщыр зейм, ахэр щыщІигъэтІысхьэм, къыгурыІуэрт ищІэр зищІысыр. Ар хэхъуэ иІэну хуейт икІи нэгъуэщІ лъыхъуэртэкъым. «Къазхэр» езыхэр зэрыгъэгубжьыжащ.

Іуэхур зэрекІуэкІауэ къызжаІэ жа псори зэрызэщхьэщыкІ щыІэкъыми, ахэр зэхуэхьэсыжауэ фыщызгъэгъуэзэнщ.

Къызэрысу, авт обусым исахэр я турист къалэн нэхъыщхьэм - фадэ ефэным - пэрыуващ. ИпэжыпІэкІэ жыпІэмэ - гъуэгуанэм щрагъэжьам пащащ. А Іуэхугъуэм топджэгум дихьэххэр хьэкІэкхъуэкІэ теплъэм зэрыригъэувэм цІыху куэд щызэхуэс нэгъуэщІ щІыпІэхэми дыщрихьэлІащ. Азау и губгъуэ щэхум замыщІэжыхукІэ щемыфэныр фанатхэм къахуегъэзэгъакъым.

Мэз щыпаупщІкІэ - къуэщІийхэр мэлъей, жаІэ: мыгувэу хьэщІэщым и барменыр яубэрэжьащ. Милицэр къраджащ икІи Іуащхьэмахуэ райотделым и унафэщІ полковник Теппеевыр къэсащ. Полковникым къызэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ, армырами ящІэн хуейр: абыхэм я хуитыныгъэр къызэпиу дыну зыми зигъэхьэзырыркъым. Хэгъэрейхэм я дежкІэ мэзкуудэсхэр, псом япэрауэ, хьэщІэщ икІи паубыдыр цІыху теплъэм имыкІыу заІыгъынырщ.

- АдэкІэ Іуэхур зэрызэкІэлъыкІуам мыхьэнэшхуэ иІэжкъым. Ахэр къезбжэкІми гурыІуэгъуэщ.

КъэкІуахэм ящыщ зыгуэрым, псынэм мыкІуэми хъуну къилъытэри, и Іуэхур хьэщІэщ унэлъэгум щызэфІигъэкІащ. Ар, дауи, хьэщІэщыр зейми, лэжьакІуэхэми ягу ирихьакъым. Фадэм ирихужьахэр уэрамым къыдыхьащ, икІи, зэрыжаІэмкІэ, езыхэр щызэзэуэ жаи къэхъуащ. ИтІанэ машинэ гуэрым ис, а щІыпІэм щыщ «хамэ» щІалитІ къахутащ. Абыхэм жраІащ: «Фыкъэсыжащ, пхэ фІыщІэхэ». Ар яфІэмащІэ хъури, ежэри, яубэрэжьащ. АдэкІэ къэхъун хуейр къэхъуащ: а щІыпІэм щыщхэр лей къызытехьа я напэмрэ я щІыналъэмрэ къащхьэщыжащ. КъэкІуахэр хьэщІэщым щІаубыдэри, фочкІэ еуэурэ щхьэгъубжэ хэр хакъутыхьащ. ТІу уІэгъэ ящІащ, зым и ныбэм, адрейм и джабэм техуэу. Мыгувэу милицэмрэ дэІэпыкъуэгъу псынщІэмрэ къраджащ. Дохутырхэр нэхъ щІэх къэсащ икІи уІэгъэ хъуар абыхэм къыщыхущІахым, нэгъуэщІ зыгуэр сэкІэ яуІащ. ИужькІэщ милицэхэм автоматхэр драгъэуеин щыщІадзар - аращ щхьэ пщтырхэр къызэтезыгъэувыІар.

Фэбжь зыгъуэта хьэщІэхэр: Колганов Константин (1985 гъэм къалъхуащ), Шухарев Егор (1980 гъэ), Ширенин Игорь (1987 гъэ). Абыхэм ящыщ зыр - зэрыхуагъэфащэмкІэ, Колгановыр - реанимацэм щІэхуащ. Район сымаджэщым и дохутыр Гулиев Сейфуллах щыхьэт техъуащ сымаджэм лъы куэд зэрыфІэкІуадэм икІи егъэлеяуэ чэф зэриІам. СыхьэтищкІэ лъы хакІа и ужькІэ ар нэхъыфІ къэхъужащ, ауэ иджыри ухуэбэлэрыгъ хъунукъым. Стадионым иса хьэщІэхэм абы ахъшэ хузэхадзащ, хущхъуэ уасэмрэ гъэхъужынымрэ трагъэкІуэдэну. Налшык и «Спартакым» и фанатхэри дэІэпыкъуну хьэзырт: абыхэм ящыщ зым и адэр хирургыу мэлажьэ икІи къалащхьэм дохутырхэр иришынут.

АрщхьэкІэ дэІэпыкъуныгъэ хуей хъуакъым - район сымаджэщыр и къарукІэ пэлъэщащ. УІэгъэ хъуа адреитІыр, дохутырхэр къеІэза и ужькІэ, сымаджэщым гъуэлъын ямыдэу кІуэжащ.

КІэрахъуэм теухуауэ жаІэр зэтехуэркъым. Языныкъуэхэм ар заводым щагъэхьэзыра «Оса» системэм щыщу къалъытэ, адрейхэм ІэрыщІу хуагъэфащэ. Дауэ щытми, абы цІыху иукІыфынущ. Іэщэр Азау губгъуэм къэзышар мэзкуудэсхэрами щІыпІэм щыщхэрами къаІэта уголовнэ Іуэхум зэхигъэкІынщ. Ардыдэм хохьэ бгырысхэм зэхакъута автобусри. ХьэщІэщыр къыщатІысыхьым абы и абджхэр хакъутыкІащ, и шэрхъри яугъуэнащ. Шофёрым, насып иІэти, еІусакъым.

Азау къыщыхъуам и ужькІэ топджэгум дихьэххэр зэрыс адрей автобусхэр Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ставрополь краймрэ я гъунапкъэм и деж къыщызэтрагъэувыІащ. ИужькІэ, хуэсакъыпэурэ, ахэр стадионым яшэщ, зэІущІэм ирагъэплъри, къашэжащ. Абы щыгъуэми Іуащхьэмахуэ щыІа «рейнджерхэм» Налшык нэмысу ирагъэгъэзэжащ - япэ щІыкІэ Пятигорск, адэкІэ Мэзкуу. Ипщэ щІыналъэм къыщІэкІуам и щхьэусыгъуэр, сызэригугъэмкІэ, езыхэми ящІэжыркъым.

Аращ, иджыри зэ къыхызогъэщри, зэхуэхьэсыжауэ Іуащхьэмахуэ лъапэ къыщыхъуар. Зэрыщыта дыдэм ар зыгуэркІэ къыщхьэщыкІынкІи хъунщ. Зи къалэнхэм захуэри къуаншэри нэхъ ІупщІу зэхагъэкІынщ. Ауэ, сызэригугъэмкІэ, купщІэр нэрылъагъущ. Езым я хабзэр щагъэувыну хамэ къулшырыфым - псом хуэмыдэу Кавказым! - щІыхьэну зи мурад цІыхухэр абы кърикІуэнум егупсысын хуейщ, ахэр иджыри гупсысэжыфмэ. Азау къыщыхъуам нэгъуэщІ зыи хэлъщ. ЗэпэщІэувар зэныкъуэкъу командитІым ядэщІхэракъым, уеблэмэ фанатхэмрэ милицэмрэкъым, атІэ т опджэгум дихьэххэмрэ щІыпІэм щыпсэу къызэрыгуэкІ цІыхухэмрэщ. Пэжыр жысІэнщи, игъащІэм срихьэлІакъым хьэщІэщыр зейхэр егъэзыпІэ зратахэм ефыщІауэу е блэкІхэр командэ гуэрым дэщІхэм езауэу. ЦІыху теплъэр яфІэкІуэдыныр - язынікъуэ футбол зэгухьэныгъэхэм я нэщэнэ хъуащ.

ЗэІущІэр шынагъуэншэу къызэгъэпэщыным зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн хуейуэ щытыкІэм къигъэувырт. Пщэдджыжьми пщыхьэщхьэми стадионым щекІуэкІа зэІущІэхэм лэ жьыпхъэхэр щаубзыхуащ. Унафэ ящІащ быдэу къащурэ зырызыххэу «Спар такым» дэщІхэр щхьэхуэу стадионым ирагъэ хьэну. ЦІыху 600 зэрыхуэ секторыр гъущІ хъаркІэ пагъэщхьэхукІащ, абы къыбгъурытым зыри ирагъэтІысхьакъым, абы и зэранкІэ билет 800-м нэс ямыщэу къагъанэри. ХьэщІэхэм я зэхэзекІуэр нэхъ мащІэ хъун папщІэ, биопсыунэу плІы япэмыжыжьэу ягъэуващ. КъищынэмыщІауэ, хэгъэрей клубым и мылъкукІэ бутерброд 1200-рэ зэфэн псырэ хуагъэхьэзыращ. «ПщІэншэу!», жиІащ «Спартак-Налшыкым» и техникэ директор Шэкэм Виктор. «Иджыри яхущІыдгъуну дыхьэзырщ, - пищащ клубым и директорхэм я советым и тхьэмадэ Былымгъуэтым, - псори тэмэму зэфІрекІ закъуэ». ИужькІэ абыхэм ящыщ зыгуэр гушыІащ: хэгъэрейхэр арэзы хъумэ нэхъыфІу пІэрэ «Спар такым» деж кІуэуэ зэхьэзэхуэм и зэІущІитІри иригъэкІуэкІыну - гугъуехьхэр нэ хъ мащІэнущ.

Иджыри зы хьэлэмэтагъ: а махуэм илъэс 73-рэ ирикъурт «Спартак» обществэр къызэрызэрагъэпэщрэ. Мы командитІри абы хохьэ, я цІэри, я фащэри зэщхьщ. СыттІэ «Спартакхэм» дэщІхэр щІызэмызэгъыр? Абыхэм яхузэтемыгъахуэр сыт? ИкІи сыт хуэдэ гупсысэ ультрасхэм яІэр, фІыуэ ефэн, зэуэн, зыгуэр зэтракъутэн икІи здэкІуа псоми я гур зыщыщагъэкІыу къалъагъу мыхъуу екІуэлІэжын фІэкІа?

Нэгъабэ каскэ хэр щхьэрызытІэгъа хьэщІэхэм мывэхэр ираутІыпщащ. Абы щыгъуэм ипщэ клубым тезыру сом мин 500 ирагъэпшынащ. Иужьрей зэІущІэм щІидзэн и пэкІэ, Мэзкуу къикІа топджэгум дихьэххэм къытрахар фщІэрэ? Каскэ хэр. Аргуэру къызэщІагъэстыну хуейуэ аракъэ? Делагъэкъэ? Я щхьэр зэрахъумэжын хуейр ящыгъупщэжауэ ара? Хьэмэ, къыджефІэт, зэІущІэр щекІуэкІыну махуэм и пэ къихуэ жэщым сыт стадионым гъэпщкІуауэ ихьэу абы хэгъэрейхэм щыфІадза баннер хэр щІагъэсар? Я щхьэм бжэгъу къихуэн папщІэ?

«ИгъащІэ лъандэрэ тхузэхэмыгъэкІ, «хэ т къуаншэр?» упщІэм следствием жэуап къритынущ» - апхуэдэу догупсыс десауэ. Ауэ зыми хузэхэгъэкІынукъым илъэсипщІ зыбжанэ хъуауэ зэтрихьа а нэгъуэщІ упщІэ хэм. Сыт ди къэралым иджыри къэс топджэгу зэІущІэ хэм къаугъэ къыщызыгъэ хъейхэм ятеухуа хъыбархэр щІызэхуамыхьэсыр? Сыт т опджэгум дихьэххэр дызыпэмылъэщын хьэкІэкхъуэкІэ дивизэу къыщІытщыхъур икІи ажалым хуэдэу абы дыщІыщышынэр? Хэт икІи сыт зэран яхуэхъунур къатІысыхьа хьэщІэщым щІэса къайгъэшыхэм, ягу къызэрыгъуэтыжа иужькІэ, аргуэру уголовнэ щІэпхъаджагъэ - апхуэдэущ узэреджэнур Къэбэрдей-Балъкъэрым абыхэм щызэхащІыхьахэм - ялэжьыным? Іуэхур мывэхэмрэ сэхэмрэ нэмысу, стадионым имыхьэ щІыкІэ абы къыщыхъункІэ хъуну шынагъуэр къызэпауду щыхъунур дапщэщ?

ФщІэжрэ, «Пармэм» и гъуащхьэт ет Буччи ЦСКА-м щыдэджэгум хьэрэкІытІэ зэщІэгъэна зэрыраутІыпщауэ щытар? Итальянецым дэгу хъуауэ фэ зытригъэуащ икІи ЦСКА-р УЕФА-м и зэхьэзэхуэм къыхахуным зымащІэщ иІэжар. Гинер Евгенийрэ Мутко Виталийрэ иужькІэ сеупщІат: камерэ куэд зыфІэлъ «Локомотивым» щхьэ къыщамыхутэфарэ ар зылэжьар икІи сыт абы тезыр щІрамыгъэхьар? Жэуап тэмэм къызатыфакъым.

ЗэрыжаІэщи, хэ тсар къытыдохыж.

Тхьэмахуэ дызыхуэкІуэм, мэлыжьыхьым и 27-м, «Спартак-Налшыкыр» Мэзкуу къалэм «Локомотивым» щыІущІэнущ. Интернетым тхыгъэ куэд итщ «лей къызытехьа» Мэзкуу и «Спартакым» дэщІхэм абы зрагъэхьэлІэу ялъ ящІэжыну. Армырами, ялъагъу мыхъу Кавказым икІахэр аргуэру зэхэзехуэн ящІыну загъэхьэзыр. Хэт абы пэщІэтыфынур икІи сыт хэкІыпІэу иІэр? ГухэщІщ дэни хьэкІэкхъуэкІагъэ щызезыхьэу цІыху теплъэм икІахэр зэрыІэубыдыпІэншэр, ахэр къагъэувыІэу яхуэфэщэн тезыр тралъхьэну зыри зэрыхущІэмыкъур. Аращ а узыфэ бзаджэм псынщІэ дыдэу зыщІиубгъури.

ЖЫЛАСЭ Заур.



Мэзкуу и «Спартакым» дэщІхэр нэгъабэ Налшык къыщыкІуам трахащ мы сурэтхэр.

● Унагъуэм и илъэс

Гъуэгуанэ дахэ

Бахъсэн куейм хыхьэ Бахъсэненкэ жылагъуэм дэт етІуанэ курыт еджапІэм «Унагъуэм и илъэсым» т еухуа район зэІущІэ щекІуэкІащ.

АР Х УЭГЪЭПС АТ унагъуэ быдэ ухуэнымкІэ школхэр, унагъуэхэр, цІыхубэ зэгухьэныгъэхэр зэрызэдэлэжьэну щІыкІэм. ЗэІущІэм хэтащ район, къуажэ администрацэхэм, егъэджэныгъэмкІэ куей ІуэхущІапІэм я лІыкІуэхэр, къуажэ школ унафэщІхэм гъэсэныгъэ лэ жьыгъэмкІэ я къуэдзэхэр. Унагъуэм и илъэсым къэралымкІи республикэмкІи нобэ иІэ мыхьэнэм нэхъыжьхэр тепсэлъыхьа иужь, утыку кърашащ районми къуажэми пщІэ щызиІэ унагъуэхэр. Бычэхэ Хьэчимрэ Ленэрэ жылэр зэхъуапсэм хуэдэу быни 5 зэдапІащ. Куэдым гъуазэ яхуэхъуащ зэщхьэгъусэхэр егъэджакІуэ лэжьыгъэм зэрыпэрытари. Илъэс куэдкІэ псэемыблэ жу колхозым хэта Хьэткъуэхэ Ливанрэ абы и щхьэгъусэ Таерэ гъащІэ гъуэгуанэ дахэ трагъэуващ бын 13. ХьэщІэ хэм щхьэкІэ ягъэхьэзыра к онцертыр нэхъыжьхэм ягу ирихьауэ, гукъыдэж яІэу зэбгрыкІыжащ.

Дэтхэнэ зыри

Аруан районым хыхьэ Къэхъун къуажэм щекІуэкІащ Унагъуэм и илъэсым т еухуа зэІущІэ, «Си унагъуэ - си быдапІэ» фІащауэ.

АБЫ КЪРАГЪЭБЛЭГЪАЩ къуажэм фІыкІэ зи цІэ къыщраІуэ унагъуэхэр: Жэмыхъуэхэ Щыхьырбийрэ Жанпагуэрэ, Алботхэ Аскэрбийрэ Марьянэрэ, Шыбзыхъуэ Тамарэ (и щхьэгъусэр дунейм ехыжащ), я бынхэр ящІыгъуу. Мыбыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри жылэм сэбэп ухъуу узэрыдэсынымкІи унагъуэ тэмэм зэрыбухуэнымкІи щапхъэщ. ФІыщІэ зыхуащІхэм ящыщ Жэмыхъуэхэ Щыхьырбийрэ Жанпагуэрэ зэрызэдэпсэурэ илъэс 60 ирикъурт. 2-нэ къуажэ курыт еджапІэм щеджэ цІыкІухэм мыбыхэм я цІэкІэ ягъэлъэгъуащ адыгэ унэишэм, щауэишэжым ехьэлІа теплъэгъуэ хэр. Унагъуэ насыпыфІэхэм я пащхьэ концерт щатащ республикэм и къэрал филармонием и уэрэджыІакІуэ Къул ФатІимэрэ куейм и художественнэ ансамблым и артист Мэкъуауэ Юрэрэ.

«Унагъуэм и илъэсым» теухуа зэхыхьэр къызэрагъэпэщащ къуажэ библиотекэм и лэжьакІуэхэу Пхъэшх Светланэрэ Молэ Раерэ. ЗэІущІэм хэ тахэщ Къэхъун къуажэ администрацэм и ІэтащхьэТамбий Амир, 2-нэ курыт школым и унафэщІ Джэтокъуэ Хьэуелэ, район ЗАГС-м и гуащэ Сэралъп Розэ, жылагъуэм и Іимам Къуэкъуей УІэлий, нэгъуэщІхэри.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Хэт нэхъ щыпкъэ?

● Школ хъыбархэр

Школым щеджэ ныбжьыщІэхэм яхэлъ жэуаплыныгъэр, хьэл-щэныр куэдкІэ елъытащ абыхэм я класс унафэщІым къахуищІ гулъытэм, зыщІигъэджыкІхэм, зыхуиущийхэм. Класс унафэщІым зэфІих лэжьыгъэм и мыхьэнэр зэрыиныр къалъытэри, абы щІыпІэ щхьэхуэ щиубыдащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектми. Абы ипкъ иткІэ, еджакІуэ цІыкІухэм я унэтІакІуэ ІэкІуэлъакІуэ минхэм я улахуэм хухагъэхъуащ, абыхэм я лэжьыгъэм пщІэ хэха зэрыхуащІыр къагъэлъагъуэу.

ГЪЭСЭНЫГЪЭР егъэджэныгъэм щыпрамыдзых курыт еджапІэхэм Іэмал зэмылІэужьыгъуэхэр къагъэсэбэп класс унафэщІым и лэжьыгъэр нэхъри егъэфІэкІуэнымкІэ, ар и гъэсэнхэм щапхъэ нэс яхуэхъунымкІэ. Апхуэдэ лэжьыгъэ купщІафІэ щокІуэкІ Шэрэдж куейм хыхьэ курыт еджапІэхэми. Аращ зыхуэгъэпсар «Хэт нэхъ класс унафэщІ щыпкъэ?» зэхьэзэхуэри. Ар къызэригъэпэщащ егъэджэныгъэмкІэ куей ІуэхущІапІэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и методист **Бэрбэч Равидэ.**

- Мы зэпеуэм и мурад нэхъыщхьэр егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ ІэнатІэм и пщІэр, къыхуащІ гулъытэр жылагъуэм къыщытІэтыну, къытщІэхъуэ щІэблэм игъуэт гъэсэныгъэр едгъэфІэкІуэну, абыхэм щапхъэ яхуэхъу я ущиякІуэ, унэтІакІуэ класс унафэщІ нэхъыфІхэр дгъэбелджылыну аращ, - жеІэ Бэрбэчым. - Апхуэдэу зэхьэзэхуэм наІуэ къищІыну педагогикэ ІэмалыщІэхэр ди куейм и еджапІэхэм къыщыдгъэсэбэпынущ. Абы хэт класс унафэщІхэм ящыщ дэтхэнэри и Іуэху зехьэкІэмкІэ адрей егъэджакІуэхэм зэрадэгуашэми гъэсэныгъэр иригъэфІэкІуэну дыщогугъ.

«Хэт нэхъ класс унафэщІ щыпкъэ?» зэпеуэр зэщхьэщыхауэ йокІуэкІ. Япэ щІыкІэ курыт еджапІэхэм къыщыхах зи лэжьыгъэм нэхъыфІу ехъулІэ класс унафэщІхэр. А Іыхьэр зэфІэкІри, класс унафэщІ нэхъыфІхэр куейм щызэпеуащ. Абы хэтащ зыщылажьэ еджапІэхэм нэхъыфІ дыдэу къыщалъыта класс унафэщІих: **Кучмезов Аллахберды** (Къарэсу къуажэ), **Бэдракъ Іэсият** (Аушыджэр къуажэ), **Шэшэн ЛатІифэ** (Джэрпэджэж къуажэ), **Хьэпэ Ритэ** (Жэмтхьэлэ къуажэ), **Мусуковэ Тамарэ** (Балъкъэр Ипщэ къуажэ), **Къэзакъ Розэ** (Жэмтхьэлэ къуажэ). НыбжьыщІэхэм я унэтІакІуэхэм я зэхьэзэхуэр хьэлэмэту екІуэкІащ. КъекІуэлІахэм зыкъыщрагъэцІыхум, ахэр тепсэлъыхьащ я ІэщІагъэр къызэрыхаха щІыкІэм, адэкІэ я мурадхэм, лэжьыгъэм къыщыдэхуэ зэманым дэзыхьэххэм, нэгъуэщІхэми. Класс унафэщІхэм ящыщ дэтхэнэми къиІуэтащ икІи слайдкІэ къигъэлъэгъуащ я гъэсэнхэм драгъэкІуэкІ лэжьыгъэр. Абы къызэщІиубыдэрт, псом япэрауэ, классым щІэсхэр зы гуп зэрыІыгъ хъун папщІэ къагъэсэбэп Іэмалхэр. Апхуэдэу зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщІэхэм, еджэным къыщыкІэрыхухэм щхьэхуэу зэрадэлажьэр, предмет зэхуэмыдэхэр езыгъэджхэм, соцпедагогхэм, психологхэм, дохутырхэм, сабийхэм я адэ-анэхэм хуаІэ пыщІэныгъэхэри зэхьэзэхуэм къыщагъэнэІуащ.

Зэпеуэм хэта цІыхуихым я Іуэху зехьэкІэм нэсу щыгъуазэ защІа нэужь, къэпщытакІуэ гупым хэтхэм утыку кърашащ фІым я фІыжу класс унафэщІ нэхъ щыпкъэ дыдэу къалъыта цІыхуищыр. Ахэр пэщІэдзэ классхэм щылажьэ Къэзакъ Розэ, курыт классхэм щеджэ ныбжьыщІэхэм я класс унафэщІ Бэдракъ Іэсият, класс нэхъыжьхэм я унафэщІ Хьэпэ Ритэ сымэщ. Абыхэм зэхьэзэхуэм и япэ увыпІэхэр къахьащ. ТекІуахэми зэпеуэм хэта адрей класс унафэщІхэми Шэрэдж куейм егъэджэныгъэмкІэ и ІуэхущІапІэм къыбгъэдэкІ щІыхь тхылъхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ иратащ.

КІУАЩ Хьэутий.
Шэрэдж куей.

ХэщІыныгъэу кърикІуэм хэхъуащ

● МафІэсхэр

КъБР-м мафІэсым пэщІэтынымкІэ и къэрал ІуэхущІапІэм щызэхалъхьэжащ дызэрыт илъэсым и япэ мазищым я лэжьыгъэм крикІуахэр.

ЩІЫШЫЛЭ - гъатхэпэ мазэхэм республикэм къыщыхъуащ мафІэс 214-рэ (нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм 228-рэ). Абыхэм сом мелуани 6-рэ мин 250-рэ и уасэ хэщІыныгъэ къашащ. А насыпыншагъэхэм цІыхуи 3 хэкІуэдащ (нэгъабэ и япэ мазищми апхуэдиз), 20-м фэбжь хахащ. 2007 гъэм елъытауэ мафІэсхэр процент 6,14-кІэ нэхъ мащІэщ, хэкІуадэхэр зэрыщыта бжыгъэм къытенащ. Апхуэдэ насыпыншагъэхэм фэбжь хэзыххэр процент 13-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ, мылъку хэщІыныгъэу кърикІуэр процент 80-кІэ хэхъуащ.

Адрей илъэсхэми хуэдэу, мафІэсхэм я нэхъыбэр къыщыхъур псэупІэхэрщ. Мазищым а бжыгъэр 164-м нэсащ икІи 2007 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм еплъытмэ, проценти 9,8-кІэ хэхъуащ.

МафІэсхэр къашащ мысакъыныгъэм (процент 46-рэ), электроІэмэпсымэхэр къызэрыгъэсэбэпыпхъэ хабзэр къызэрызэпаудам (процент 21-рэ), хьэкухэр тэмэму зэрызэтрамыухуам, ахэр къызэрагъэсэбэп хабзэм зэрытемытам (проценти 8).

Илъэсыр къызэрихьэрэ республикэм и мафІэсгъэункІыфІхэм цІыху 658-рэ, сом мелуан 389-м щІигъу и уасэ мылъку кърагъэлащ.

СЭБАН Арсен,
КъБР-м мафІэсым пэщІэтынымкІэ и къэрал ІуэхущІапІэм и лэжьакІуэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Жыласэ Маритэ, Лъостэн Музэ, Ныбэжь Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.



ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмрэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІуэхущІапІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щэнымкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

КъБР-м ЩэнхабзэмрэхъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинымрэ цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкІ Соня, редактору Лъостэн Музэ, корректорху Щоджэн Иннэ *(1,3-нэ нап.)*, ПхытІыкІ Юрэ *(2,4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ:* Дол Маринэ, ГъукІэлІ Рае, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтыщІ* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м.
Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.008 ● Заказ №1405